ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№4 (24.130) ● 2021 гъэм щІыщылэм (январым) и 16, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьынытъэмкІэ и комиссэм и президиумым иригъэкІуэкІа зэІущІэм

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и кІуэдзэ Хуснуллин Марат къэралым и Правительствэм щІыналъэ зыужьынытъэмкІэ и комиссэм и президиумым и зэІущІэу щІышылэм и 14-м иригъэкІуэкІам.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым Правительствэм и Унафэщым и кІуэдзэм зэхуэсым кІэрихьэлІакъэм ягу къинэжьыжащ Урысейм и Президентым Правительствэм хэтхэм щІышылэм и 13-м ядригъэкІуэкІа зэІущІэм, 2020 гъэм гъэзугхэр укъуэдиныж хуэунэтІауэ зэфІагъэкІахэмрэ 2021 – 2023 гъэхэм а ІэнатІэм къащыпэщыт къаланэхэмрэ ятеухуауэ щытам, эи гугъу щищІакэр.

Хуснуллин Марат къыхэгъэщхьэхуакІащ щІыналъэхэм гъэзугхэм зэрыщелэжьа щІыналъэм къэралым и УнафэщІыр щыгъуазэ зэращІар. Илъэсым кІэрикІуэхэм къызэрагъэлъэгъуащи, къэралым и щІыналъэ 52-р «ЩІыналъэ щхъуантІэ» жьыхуаІэ мардэм къинтІэсащ – абыхэм къагъэсэбэпащ хуаутІыпща мылъкум и процент 99-р. «ЩІыналъэ гъуэжьым» хиубыдащ 21-р – абыхэм ирата мылъкур 2019 гъэм нэхъыбэ хуэхьфІу ІэнатІэм зегъэужьыным халъхьэфащ, ауэ процент 99-м нагъэсакъым. «ЩІыналъэ плъыжь» жьыхуаІэм хьыкащ Федерацэм и щІыналъэхэу щхьэусыгъуэ зэхуэмыдзэм къыхэкІыу нэгъабэрей пщалъэхэм щхьэдэмыхьыфахэр – ахэр 11 мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ «щІыналъэ щхъуантІэ» гупым - къалэн псори процентищэкІэ игъэззащІащ.

2020 гъэм «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъэзугу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым щыубзыхуахэр ягъэзащІэкІэрэ, мардэм къизагъэу зыхуей хуагъэзащ автомобиль гъэзугу километри 123-р. Псори зэхэту абыхэм трагъэкІуэдэну республикэм къыхуагъэсэбэпащ – ахэр 11 мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ «щІыналъэ щхъуантІэ» гупым - къалэн псори процентищэкІэ игъэззащІащ.

Апхуэдэуи ягъэззэщІащ «КЪБР-м транспорт ІэнатІэм зыщегъэужьыныр» къэралым программэм щыубзыхуа псори. Программэм ипкъ иткІэ, Урысейм и къэралым гъэзугу агентствэм къэралым бюджетым щыщу 2020 - 2021 гъэхэм гъэзугу лэжьыгъэхэр республикэм щрагъэкІуэкІыным хуэхьзу сом мелуани 150-м щІигъуи, псори зэхэту гъэзугу километр 29,8-р зыхуей хуагъэзащ. «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкІи щэщІауэ зегъэужьыныр» къэралым программэм хьыхьу республикэм и жылитІым гъэзугухэр щызэрагъэпэщыжащ. 2018 гъэм щІыналъэм псыдзэ къыщыщІэхам зэтрикъутахэр ягъэззэкІуэжьын папщІэ къыхуауатІыпщауэ 2020 гъэм жылэ 39-м цІыху зэхуэсыпІэу 34-рэ, фэтэр куэд зыхэт къалэ унэхэм я пщІантІэу 122-рэ зыхуей щыхуагъэзащ; а лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдащ сом мелуан 250-рэ хуэдиз, абы щыщу сом мелуан 240-м щІигъур къэралым бюджетым щыщу республикэм къыхуатІыпщащ. Лэжьыгъэ псори щызэфІагъэкІащ «Мамырыгъэм, щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхуныкІэ и парк» фІащу Бахъсэн къалэ округым щащІа ухуэныгъэм. Ар щытекІуат къалэхэм ущыпсэуну нэхъ тынш щІыным хуэгъэпса Урысейпсо зэпеуэм икІи а проектыр гъэзэщІынм трагъэкІуэда сом мелуан 85-р абы папщІэ къратауэ арат. Къалэхэм ущыпсэуныр тынш щІыным хуэгъэпса Урысейпсо зэпеуэм «Къалэ мыинхэр» и Іыхьэм щытекІуащ ди щІыналъэм щыщ нэгъуэщІ жыли – Шэджэм къалэр. Абы папщІэ къыхуагъэфащэ саугъэтымкІэ къалэм щащыпнуд. «Шэджэм-парк» ухуэныгъэр.

Дызыхьыха илъэсым «Къалэхэр ущыпсэуну тынш щІыныр» къэралым проектыр гъэзэщІынм хэтынущ республикэм щыщ муниципальнэ зэгухьанэгъэ 40. Я мурадщ цІыху зэхуэсыпІэ 31-рэ, пщІантІэ 89-рэ зэІуэзэпщ ящІыну.

ПсэупІэхэр ухуэн лэжьыгъэри йокІуэкІ. «ПсэупІэ» щІыналъэ проектым хьыхьу республикэм псэупІэу метр зэбгъуэзэнатІэ мин 494-рэ щатыну я мурадат 2020 гъэм, е 2019 гъэм елъытауэ процентыр 104,2-рэ хьуу. КъыдэратамкІэ, а бжыгъэм щІрагъэгъуащ: илъэс кІуам ятащ къуэрыф метр зэбгъуэзэнатІэ мин 499,5-рэ. ПсэупІэ ухуэн лэжьыгъэм тегъэгушхуэн мурадкІэ Налшык къалэ округым хьыхь щІыпІэхэм псы еІэлІэным хуэунэтІа лэжьыгъэ нэхъыбэ щызэфІагъэкІащ, Больнэ Аул къуажэм къыпагъэтІысхьа Нарт хьэблэм щыпсэухэм къагъэсэбэпа псыр Іушыным хуэгъэза къалэнхэри ягъэззэщІащ.

«Ущыпсэуну къемызэгъыж унэхэр нэхъ мащІэ щІын» лъэпкъ проектыр гъэзэщІынм ипкъ иткІэ кхъахэ хьуа унэхэм 2019 гъэм къыщІагъэІэпхъуакІэ щыщ цыху 81-рэ, къэухмэкІэ шынагъуэ псэупІэхэм 2020 гъэм къыщІагъэкІар хуэдитКІэ нэхъыбэ хьуащ - цІыхуи 163-м унэщІэхэр иратащ. Кхъахэ хьуа унэхэм щыщ метр зэбгъуэзэнатІэ 2652,74-м цІыхухэр къыщІагъэІэпхъуакІащ илъэс кІуам. ИлъэситІым къапщыта къалэнхэм абыкІи щІрагъэгъуащ.

«Къалэхэр ущыпсэуну тынш щІыныр» къэралым проектым ипкъ иткІэ ягъэзащІэ муниципальнэ программэхэр дэІыгъыным къыщигъэлъэгъуа щІэныгъэр, зэфІэкІыр къыздэралъыта балл бжыгъэхэм арэзы темыхьэхэм хуитыныгъэ яІэщ я лэжьыгъэр иджыри зэ кърагъэпщытэжыну.

Хабзэ зэрыхъуащи, Школакіуэхэм я урысейпсо олимпиадэр йокІуэкІ предмет 21-мкІэ. Мы гъэми а мардэм тетынущ къызэгъэпэщакІуэхэр. Щ1ыналъэм мы лъэхъэнэм щыщыІэ санитар-эпидемиологие щІытыкІэм ипкъ иткІэ, олимпиадэм хэт псоми: къэпщытакІуэхэми, егъэджакІуэхэми, школакІуэхэми – мардэ пыухыкІам тету лэжьыгъэр ирахьэкІ, нэкІуІупхъуэхэр яІулъщ, зэпэщхьэхуэу ягъэтІыс, Іуэхур яблэн ипэ къихуэу я Іэпкъльэпкъым иІэ хуабагъыр ящапщ.

Зэпеуэхэр апхуэдэу щІэтщ жылагъуэ къэпщытэныгъэми видео кІэльыплъыныгъэми.

КЪАРДЭН Ритэ.

КІуэкІуэ Казбек Іущ1ащ УФ-м ц1ыхухэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и министр Кравцов Сергей

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва щыІэу щІышылэм и 14-м Іущ1ащ УФ-м ц1ыхухэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и министр Кравцов Сергей.

АХЭР тепсэлъыхьащ цІыхухэм щІэныгъэ егъуэтын ІэнатІэм щІыналъэм зыщегъэужьыным ехьэлІа Іуэхухэм. Нэхъыщхьэу зи гугъу ящІахэм ящыщу «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуахэр 2020 гъэм республикэм щыгъэззэщІынем кІуикІуахэр, егжапІэщІэр ухуэным и Іуэху зыІутыр, школ кІуэгъуэ ныбжьым зэкІэ нэмысахэм ядэлажьэнымрэ щІэблэм щІэныгъэ гъэдзэ егъэгъуэтынымрэ пыща къалэнхэм зэрехьулІэр. Апхуэдэуи къытеувыІащ пэщІэдзэ классхэм щІэсхэр ерыскъы пщтыркІэ къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхухэми, егъэджэныгъэ ІэнатІэм пэрытхэм я Іззагъэм хэгъэхъуэнми, егжапІэхэр зегъэпэщыжьыми, абыхэм я материально-техникэ лъабжьэхэр егъэфІэкІуэнми.

Щ1ыналъэм и Іэтащхьэм министрыр щыгъуазэ ищІащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр республикэм гъэзэщІа зэрыщыхьу щ1ыкІам, къапщтэмэ, абы хьыхьу Налшык къалэм ныбжьыщІэ 1224-рэ зыщІэхуэну школыщІэ зэрыщытам, Солдатскэ станицэм сабий 250-м яхуэщІа, Шэджэм къалэм сабий 500-м ятещІыхьа егжапІэхэм я ухуэныгъэхэр зэрыщыщэфІэкІым. Апхуэдэуи тепсэлъыхьащ Налшык къалэм цІыху 1100-рэ зыщІэхуэн курыт еджапІэ, Прохладнэ къалэм школыщІэ зэрыдащІыхьынум, Куба къуажэм и школ №1-м и унэр щІэуэ зэраухуэжьынум.

«Иджырей еджапІэ», «Дэтхэнэ сабийми и ехьулІэныгъэ» проектхэм хьыхьу лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ, цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным епха Іуэхущ1апІэхэм я материально-техникэ лъабжьэхэр гъэбыдэным хуэгъэзащІэ. Къапщтэмэ, хуажэ егжапІэхэм епхауэ къызэрагъэпэщащ «ЕкъулІэныгъэм и къежьапІэу» 69-рэ, зи узыншагъэкІэ дагъуэ зиІэ ныбжьыщІэхэм щадзлажьэу Прохладнэ къалэм дэт еджапІэ-интернат №21-м епхауэ «Доброшкола» центрыр, сабийжэмэ щІалэгъуалэмрэ я зэчийхэр къагъэзэІуэныкІэ, къызыкъуахьымыкІэ щІэгъэкъуэн щ1ахуэху «Антарес» щІыналъэ центрыр къызэІуахащ.

КъимыдэкІэ, къуажэ курыт еджапІэхэм я спорт залу 42-рэ зэрагъэпэщыжащ.

Къэуат зыщІэлъ ерыскъы пщтыркІэ 2020 гъэм къызэрагъэпэщащ классхэр нэхъыщІэхэм щІэс ныбжьыщІэ мин 50 хуэдиз, абы хухахат сом мелуан 200-м щІигъу.

Сабийхэм щІэныгъэ гъэдзэ егъэгъуэтыным зегъэужьын мурадкІэ техникэ, щІэныгъэ, художественнэ, социально-педагогикэ, спорт унэтІныныгъэ зиІэ гупхэр щагъэлажьэ республикэм щІыухэр егъэджэныкІэ и Іуэхущ1апІи 103-м.

«Бжыгъэр зи лъабжьэ егъэджэныгъэ» проектым къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, зыхуеину Іэмэпсымэхэр къыхуащ1ухуащ егжапІи 116-м, бжыгъэр и лъабжьэу щрагъаджэ «ІТ-куб» центрыр къызэрагъэпэщащ.

Класс унафэщІхэм къэралым къахущІигъуа, мазэ къэс сом минитху хууахъшэри зыхуагъэфащэхэм щаІэрохьэ КЪБР-м и егжапІэхэм.

«Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэр» къэралым проектым ипкъ иткІэ 2019 – 2020 гъэхэм къызэІуахащ иджырей материально-техникэ лъабжьэ зиІэ, унэтІныныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэщІэзыубыдэ лъэщапІэ 24-рэ. Іуащхьэмахуэ щІыналъэ колледжымрэ апхуэдэ лъэщапІий 2021 гъэм къыщызэІухыным арэзы техьуауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ цІыкІуэу школым кІуэгъуэ ныбжьым зэкІэ нэмысауэ гъэсапІэхэм щыІэхэм я бжыгъэр мин 51-м щІегъу, абыхэм ящыщу 8456-м я ныбжьыр илъэс ныкъуэм щегъэжьауэ илъэсищым нэсщ зэрыхьур. «Демографие» лъэпкъ проектым хьыхьу республикэм и егъэджэныгъэ Іуэхущ1апІэхэм илъэсищ иримыкъуа цІыкІухэм щакІэлъыплъ къудамэщІэхэр къыщызэІуахащ, абы иджыкІэ цІыкІу мини 2,6-м щадолажьэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Лышх узыфэм зэрыпэщІэт Іэмалхэм, узыншагъэр хъумэн ІэнатІэр егъэфІэкІуэным топсэлъыхь

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва щыІэу Іущ1ащ «НМИЦ радиологии» къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и генеральнэ директор, Урысейм Узыншагъэр ухъумэнымкІэ и министерствэм лышх узыфэр зыпкърытхэм еІэзэнымкІэ и дохутыр нэхъыщхьэ Каприн Андрей. Зэ1ущІэм хэтащ КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам.

ЗЭІУЩІЭМ ахъщыкъеныщ1ащ республикэм лышх узыфэм пэщІэтынымкІэ и ІэнатІэр зыІуэ гугъуехьэм, республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэм лышх узыр зыпкърытхэм ядэІэпыкъуным хуэунэтІауэ къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм.

Республикэм и Іэтащхьэм къыхихыжащ ІэнатІэм и лэжьыгъэм ехьулІэныгъэфхэр къыщыхъуу зэрыхуежьар: сымаджэхэм щеІэзэ унэм къыхаГъэхъащ, «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ Іуэхущ1апІэм узыр къызэрахутэ, хирургие Іэмэпсымэщ1эхэр къаІэрыхьащ. 2020 гъэм и кІэм онкодиспансерым къыхущІэкуэм сом мелуан 280-м щІигъу и уасэ медицинэ техникэ, абыхэм яхэтщ бзийкІэ зэрылажьэ Іэмэпсыми, компьютер томографи. Апхуэдэу щытми, КІуэкІуэ Казбек жиІащ абыкІи Іуэхур зэрызэфІэмыкІынур, лышх узыфэр зэфыкІхэр зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэр къэпльытэмэ: узыфэр зыпкърытхэм еІэзэн дохутырхэр зэрахуримыкъуами унафэ тещІыхьын хуейщ.

Къалэбатэ Рустам жиІащ дызэрыхьа илъэсым, республикэм я узыфэр зыпкърытхэм щеІэзэ Іуэхущ1апІэ псори зэгъэуІуауэ лэжьэным и Іуэхур зэтеухуэн зэрыхуейр, онкодиспансерыр и лъабжьэ. ИджыпстукІэ ахэр цхъхуэз-щхьэхуэу Іуэхущ1апІэ зыбжанэм щолажьэ. Псом япэрауэ, абы Іэмал къитынущ узыр зыпкърытхэм лъэныкъуэ псомкІи якІэлыплъыныгъэ, зы цІыхум и Іэпкъльэпкъым щыщ Іыхьэ зыбжанэ абы иубыдынкІи зэрыхьунур къэльытауэ.

ІэнатІэм зиужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм я гугъу щащІым, КІуэкІуэ Казбекрэ Каприн Андрейрэ зэгурыІуащ къэрал онкологие центрым и Іэщ1агъэлІэхэр пІалъэпІалъэкІэрэ республикэм и онкологие центрым щылажьэу Іуэхур зэтраухуну. Ар хуэщхьэпэнущ щІыналъэм щыщ онкологэм я Іззагъэм хагъэхъуэным, апхуэдэуи къэралым и адрей щІыпІэхэм мыкІуэу сымаджэхэм республикэм зыхуэфащэ дзІэпэкъуныгъэ щагъэутыным. Зэ1ущІэм щытепсэлъыхьащ республикэм онкологие центрыщІэ щыхуэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэми. Мы зэманым хоплъэ а ухуэныгъэм текІуэдэну мылъкур УФ-м и инвестицэ программэм хэгъэхьэным ехьэлІауэ щыІэ Іэмалхэм.

Каприн Андрей фІыщІэ ищІу къыхихыжащ щІыналъэм и Іэтащхьэр узыншагъэр хъумэн ІэнатІэм ехьэлІа Іуэхухэм жыджэру яужь зэриткІи икІи жиІащ апхуэдэ гулъытэм и фІыгъэкІэ онкологие къудамэм нэхъ псынщІэу зэрызиужьынур и фІэщ зэрыхъур.

КІуэкІуэ Казбекы УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и онколог нэхъыщхьэм фІыщІэ хуищІащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэм зегъэужьыным гулъытэ къыздэхъуащ ІэнатІэм зегъэужьыным папщІэ икІи жиІащ цІыхухэм онкологие дзІэпыкъуныгъэ ягъэутыныр егъэфІэкІуэнымкІэ, а ІэнатІэм щызэдэлажьэнымкІэ щІэгъэкъуэн зэрыхъунур.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ къэралым бжьыпэр щызыІыгъхэм хабжэ

Москва лэжьыгъэ Іуэхукіэ щызэхуэзащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ УФ-м транспортымкІэ и министрым и къуэдзэ – къэрал гъуэгу агентствэм и унафэщІ Костюк Андрейрэ.

АХЭР тепсэлъыхьащ «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщІынм хьыхьу 2020 гъэм республикэм щызэфІагъэкІахэм, апхуэдэуи щІыналъэм и транспорт инфраструктурэм адэкІи зегъэужьыным ехьэлІа Іуэхухэм.

Щ1ызэпсалъэм къыхахъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщІынм хьыхьу къыщІагъэкІыным и транспорт инфраструктурэм адэкІи зегъэужьыным ехьэлІа Іуэхухэм.

Щ1ызэпсалъэм къыхахъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым гъэзэщІынм хьыхьу 2020 гъэм республикэм щызэфІагъэкІахэм, апхуэдэуи щІыналъэм и транспорт инфраструктурэм адэкІи зегъэужьыным ехьэлІа Іуэхухэм.

Щ1ызэпсалъэм къыхахъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэзэгъэн-унафэщІ Кокотов Александрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэзэгъэн-унафэщІ Костюк Андрейрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэзэгъэн-унафэщІ Ахмэд Ибрагим

Юсупов Аслъэн Хьэбибуллэхь и къуэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и судыщІэхэм Іэщіагъэмкіэ я коллегием жылагъуэ лІыкІуэу хэгъэхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Судыщіэ зэгухьэныгъэм и органхэу Урысей Федерацэм щыІэхэм я Іэухукіэ» Федеральнэ законым и 11-нэ статьям и 6-нэ пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм Іэщіагъэмкіэ я коллегием жылагъуэм къыбГъэдэкІ лІыкІуэхэр зэрыхагъэхьэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ статьям ялкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ:**

1. Юсупов Аслъэн Хьэбибуллэхь и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм Іэщіагъэмкіэ я коллегием жылагъуэм къыбгъэдэкІ лІыкІуэу хэгъэхьэн, а коллегием щылажьэну пІалъэм къриубыдэу абы хэтыну.

2. Мы Унафэр хуегъэхьын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм Іэщіагъэмкіэ я коллегием.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм дыгъэгъаазэм и 24-м
№238-П-П

ЩІанкІэ Маринэ ТІуатІэ и пхъур Прохладнэ суд районым и суд участкэ №3-м и зэзыгъэкІуж судыщІэм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм ялкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ:**

1. ЩІанкІэ Маринэ ТІуатІэ и пхъур Прохладнэ суд районым и суд участкэ №3-м и зэзыгъэкІуж судыщІэм и къулыкъум илъэсипщІ пІалъэкІэ Іэгъувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм дыгъэгъаазэм и 24-м
№239-П-П

ЕхъулІэныгъэ

КІэбышэ Алинэ токІуэ

«Сабий псоми - зэхуэдэ Іэмалхэр» зэпеуэр ди къэралым илъэс зыбжанэ лъандэрэ щокІуэкІ. Проектыр къыхилхьауэ щытащ «Урысейпсо щІыхубэ фронт» (ОНФ) жылагъуэ зэгухьэныгъэм. Мы махуэхэм къащыгъэжащ мыгъэрей зэпеуэм къриКІуахэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, абы нэхъыфІу къащІалъытахэм яхэхуащ ди лъахэгъу пщащэ КІэбышэ Алинэ.

2020 ГЪЭМ екІуэкІа а зэпеуэм псори зэгъусэу хэтащ УФ-м щыщ щІыналъэхэм я лКІыкІуэ щІыхуи 150-м нэс. Апхуэдэхэт сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ техникэ, естественнэ-щІэныгъэ, спорт, социально-егъэджэныгъэ, художественнэ, турист-хэкурыдж Іуэхухэмкіэ ядэлажьа волонтёрхэр. Ар къалъытэри, къызэгъэпэщакІуэхэм яубзыхуащ зэпеуэр зэрекІуэкІыну унэтІынныгъэхэр. Абыхэм ящыщщ «ГъащІэм нэхъ тыншу хэзэгъэнымкІэ программэ нэхъыфІ», «Гъунапкъэ зимыІэ Іэмалхэр», «Іэщіагъэ къыхэхьныкІэ программэ нэхъыфІ», «ЩІэныгъэр зи лъабжьэ программэ нэхъыфІ», нэгъэщІэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и волонтёрхэр зэпеуэм хьыкащ лэжьыгъэплІкІэ. Абыхэм ящыщу къэпщІакІуэхэм гунэс ящыхьащ КІэбышэ Алинэ и «Дыщэм, нэгъуэщІ гъущІхэкІ лъапІэхэм елэжьныкІэ курсхэр» программэр. «ЩІэныгъэр зи лъабжьэ программэ нэхъыфІ» унэтІынныгъэм хиубыда а лэжьыгъэм ялэ увыпІэр хуэгъэфэщащ къэпщІакІуэхэм.

- Дызыхэта «Сабий псоми - зэхуэдэ Іэмалхэр» зэпеуэм ди къэралыр зэрыщыту къызэщІеубыдэ. Абы и мурад нэхъыщхьэр сабий псоми, зыщыщ лъэпкъымрэ щыпсэу щІынаІъымрэ емылытыкІуэ, егъэджэныгъэм ехьэлІа Іэмал псори зэхуэдэу егъэгъэтынырщ, - жиІэ Алинэ. - Сэ къызэрыслытэмкІэ, Іэпщіэлъапщіагъэ зыбгъэдэлъ щІыхур абыкІэ ядэгуэшэфынущ адрейхэм. ЩІущІыкІэ лъапІэхэм елэжьныным хуэгъэпсауэ щыт курсхэм сэ наІуэ къыщызощІ нэхъыбэу сыдэзыхьэх Іэмалхэм я щэхуэхэр; кІапсэ Іуэнтіа псыгъуэзэмкіэ е гъущІым ныхъэпІущІыкІІэрэ хьэпшып дахэхэр зэрыпщІыну щІыкІэхэр.

Лашынкъей щыщ пщащэм и гъэсэнхэм ящІыф дахуэдэ хъэпшып екІуэхэр. Абыхэм щІэупщІэ щаІэщ ди щІынаІъэм.

ОНФ-м къыхилхьа къэралпсо проектым къриубыдэу КІэбышэм маХуищкІэ итащ дерс зэІуахэр. А творческэ зэхуэзэхэм кърихьэлІащ цІыху зыбгъупщІ хуэ ныбжьыщІэ гупхэр. Дерсхэм къриубыдэу абыхэм пэщІэдзэ щІэныгъэ зрагъэгъэтащ. Проектым къызэрригъэувымкІэ, сыхьэтищІ ныкІэ екІуэкІ а дерсхэр пщІэнэзу щытщ. Дерсым къриубыдэу абы хэтхэр хунэс сурэтхэр ящыныи, абыхэм итыр гъущІым къыхащІыкІыжыныи.

- Ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралпсо зэпеуэм кърикІуахэм, сыту жыпІэмэ абы къеГъэлъагъуэ ди щІынаІъэм и волонтёрхэм яхэлъ жьджэрагьэ зыхуэдизыр, егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкІэ къыхалхьэ жэрдэмхэм я фІагъыр, - къыхигъащащ ОНФ-м къыхилхьа проектым пыщІа лэжьыгъэхэр ди республикэм щызэщІэзыгъэуІуэ Айбазовэ Тамарэ. - «СабийгъэуІэ и илъэсипщІ» урысей программэм къриубыдэу дэтхэнэ сабий-ми Іэмал псори егъэгъуэтын хуейщ, фІыуэ илъагъу, дзэхьэхэ лэжьыгъэм, Іэщіагъэм, Іуэхум нэхъ гъунэгъуэ щыгъуазэ зыхуиущІыфын папщІэ. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, мыхьэнэшхуэ иІэщ ди волонтёрхэм я къару, зэфІэкІ псори зрахьэлІэу къызэрагъэпэщ гупжьейхэм, яубзыху апхуэдэ программэхэм. Абыхэм я фІыгъэкІэ сабийхэм зрагъэхъуІэфынущ Іэщіагъэ къыхахынум епха я хъуэпсапІэхэм ящыщ куэд.

Урысейпсо зэпеуэм щытекІуахэм халъыта КІэбышэ Алинэ къыхуагъэфэщащ сом мин 20 къызэрыратам щыхьэт техьуэ сертификат. Апхуэдэ гупытэм щыгугІыкІащ Алинэ. Абы зэрыжиІэмкІэ, а мылъкур тригъэкІуэдэнущ дзэхьэх Іэщіагъэм, іэжьыгІэм адэкІи зегъэужьыным, зегъэубгъуным.

КІэбышэ Алинэ дохъуэхъу екъуІлэныгъэщІэхэр зыІэригъэхьэну, и цІэрІыр иджыри куэдрэ Іуну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Егъэджэныгъэ

«Къуажэ егъэджакІуэ-2021»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щаублащ «Къуажэ егъэджакІуэ-2021» программэм ипкъ иткІэ екІуэкІ зэпеуэр. Абы хэтыну гукъыдэж зиІэхэм я лъэІу тхьылъэр къатын щыщІадзащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым къыхилхьа жэрдэмым ипкъ иткІэ гъуэгу зыгъуэта а къэралпрограммэр хуабжьу сэбэнщ къуажэхэм, жылэ пхыдзахэм, цІыху куэд зыщымыпсэу къалэ цІыкІуэхэм щылажьэ пэщІдзэ, курыт школхэр Іэщіагъэлі Іэзэхэмкіэ къызэгъэпэщыныгкІэ. Проектым хьыхь егъэджакІуэхэм я дафтэрхэм хэпльа нэужь, ахэр лэжьапІэ Іэнатіэ яГъакІуэ, езыхэм ирагъэдж предметым елъытауэ, апхуэдэ Іэщіагъэлі зыхуэныкъуэ, зыхуримыкъу школхэм. ЛэжьапІэм ува нэужь, хуитныигъэ яІэщ программэм къигъуэ, сом мелуан хуэ дэІэпыкъуныгъэ.

Зэпеуэм хэтынухэм я ныбжьыр илъэс 55-м щІигъуауэ щыт хъунукъым. Апхуэдэу абыхэм ябгъэдэлъын хуейщ ирагъэдж предметым елъытауэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ (е курыт щІэныгъэрэ Іэщіагъэрэ) зэрилэм щыхьэт техьуэ диплом, я квалификацэмрэ Іэщіагъэм пыщІа мардэхэмрэ и зэфІэкІыр зэрыхэхуІэрэ хэтыжу. Программэм ипкъ иткІэ екІуэкІ зэпеуэм пхыкІэр Іэмал имыІэу илъэситхуІкІэ щыІэжьэн хуейщ здагъэкІуэ школым, тхьэмахуэм сыхьэт 18 нэхъри нэхъ мащІэ ирагъэджу.

Программэм хьихьэну гукъыдэж зэрапэмкІэ лъэІу тхьылъэр Іах щыІыщІэм и 11-м къыщыщІэдзауэ мэлыжьыхьым и 16 пщІондэ. Проектым хэлъ щхьэхуэныгъэ псоми абы епха дафтэрхэм щыгъуазэ зыщыхьэпщІыфынущ edu.kbr.ru сайтым.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, ди ресПубликэр илъэс етІуанэ Іэлъадрэ хэтщ «Къуажэ егъэджакІуэ» къэралпрограммэм. Абы и фІыгъэкІэ 2020 гъэм къриубыдэу Іэщіагъэлі Іэзэхэр, математикэмкІэ, инджылзыбзэмкІэ, урысыбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэхэр, ягъуэтащ ди щІынаІъэм хьыхь жылэ зыбжанэм дзэ пщІэдзэ щколхэм. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Благовещенскэ, Заречное, Янтарное, Октябрьское, Псынэдахэ, Бепсын, Терскол, Бахьсэн Ипщэ къуажэхэр. Абыхэм лэжьакІуэ кІуа егъэджакІуэхэм яІэрыхьакІэщ сом мелуан хуэ дэІэпыкъуныгъэр.

КЪАРДЭН Ритэ.

Фэеплъ

КъыщыкІуэжыр ди плъапІэт

Щыіэщ цІыху, ущыІущІэкІэ уи щІалэгъуэ пасэм - дунейр щынэхъ нэхум, дыгъэр щынэхъ гуапэм - и пщІантІэм удыхьэжауэ къыпщыхъуу. Аращэдэт сэркІэ АфІэуанэ Іэминат. Да, сабийуэ едгъэжьэри, дыкъыздэхъуащ. ЕгъэджакІуэу дедджэнщ жытІэу къалэм дыкъыщыкІуам балигъ хьэлу тхэлъ щыІэтэкъым. Ди гупым щІалэу, хъыджэбзу щІэсыр, кІуэаракъэ, зэдэлъхуэзышпхъум хуэдэ дызэхуэхъуат а илъэсиплІым. Зэман тынштэкъым ди студент ГъащІэр зыхиубыдар, дызыхуэныкъуэр Іэджэт. Ауэ ди щІалэгъуэ пасэт, фІыуэ дызэрылъагъурти, зэрыжаІэу, дунейр тІэу пкІэгъуэ тхуэхъуртэкъым.

НЫБЖЬЭГЪУУ щыІэм къахэбгъащІу, уи гум нэхъ зыкъыдищІу зы къыхокІ. Аращэдэт сэркІэ Іэминат. Педучилищэ нэужьым сэ КъуІукъужьи егъэджакІуэу сыкІуожащ, аР Ставрополь къалэм унагъуэ щихьащ. Ди Іэнатіи, ди гъэгуи зырыз хъуащ. Сызыхьхьа унагъуэм благъагъэкІэ къагухьэрти, Іэминат и хъыбар сщІэрт, дыщцІэзхуэзи къэхъурт.

Гупыр зы дыщыхъужауэ къэплъытэнур илъэс плІыщым щигъу дэкІыжа нэужьщ. Иужьрей илъэсих-блым дэнкІэ щІэрэри дызэрыгъэуэтыжауэ дызэхуозэ, фІыри Іейри зэдэдгъэшу, зэІыхьлым хуэдэу дызэкъэуэтщ. Языхэзэри зыхэслъхьэ щымыІэу фІыуэ слъагъуми, Іэминат нэхъ ищхьэ къысфІэхъурт. Жэщ-махуэ имыІэу къыслъыгГъаззрт. СыгуфІэмэ, къыздэсыгфІэрт, сынэщхьеймэ, къыздэнэщхьейрт, си гукъыдэжыр къызэриІэтыным иужь итт.

Іэминат Налшык къащыкІуэжынум сабийм хуэдэу дыпэплъэрт. ЗэрыщыІэну махуитІ-щым къыдалъхуахэри и ныбжьэгъуэри зэщІи-гъахьэрт. ГъащІэр, цІыхур апхуэдизу фІыуэ ильагъурти, псоми яльэІэсырт, зыІущІэм и псэ къару ильгъэсырт.

Хэт ищІэнт ар апхуэдэу пасэу тхэкІыну? «ТхэкІащ» жысІэ щхьэкІэ дахэу къыджиІахэмкІэ, дызэригъэгушхуэу щыта и псэ къабзэмкІэ ноби тщІыгъуэ. ЗыпэпщІ щымыІэу фІыуэ плъэгъуа лъахэр, ди фІыгъэр зыщІыгъэкІуа щІыпІэхэр ныпхуэзэшынущ, ди шыпхъу! Мы усэ кІэщІыр фэеплъ пхузощІ.

Апхуэдэ псалъэ щыІэу
къысхуэгъуэткъым,
Мы си гум пхуиІыкъыр
хуризгъэлъэгъуэну,
Си нэгум жэщи махуи
уэ ущІэкІкъым,
Зы щыІэу уэ пхуэдэу
сэ схуэмылъагъуну.
Гугъуехьу куэд мы
гъащІэм щызиІами,
Уи зы Іуплъэгъуэм псори
сщигъэгъупщэрт,
Уи псалъэ закъуэ махуэм
зэхэсхамэ,
Гупсысэ жагъуэу щыІэр
ІэщІыб хъужырт,
Упыгуфыкіыу зэ укъызэплъамэ,
Гугъуехьу сиІэр хуэмурэ
сщхьэщыкІырт.
Хуэзмыгъуэтыф си лъагъуныгъэм
псалъэ,
Си гум уэ пхуиІыр хъуар
къызэщІикъуэну.
Уэрат си дыгъэу си гур хуабэ
зыщІыр,
Уэрат си мазэу жэщыр зыгъэнэхур,
Хьэуа сызэрыбауэр зэІузыщэр.
Уи псалъэрт си гум
зезыгъэгъэпсэхур.
Нэхъ дахэм ухуишэну
сыпхуохъуахъуэ,
Жэнэткіэ уи псэр
Тхьэшхуэм игъэгуфІэ!

ЩОМАХУЭ ХьэІишэт.

Футбол

Иджы нэхъыфІыр Пащты Русланщ

«Советская молодёжь» газетым спортым тетхьихь журналистхэм я деж ИлъэсыщІэм и пэ къихуэу щІэупщІэныгъэхэр щрегъэкІуэкІ, гъэ къыззэдэкІым и футболист нэхъыфІыр ирагъеблагъым папщІэ. А Іуэхугъуэр илъэс тІощІрэ хьырэ хъуауэ зэкІэлъхьэужьу щыІэщ.



КОРОНАВИРУС уэ зэрыщІалэм и зэранкІэ илъэс блэкІам тонджэгумкІэ зэхьэзэхуэхэр, арадейсмэ хуэдэу, пІалъэ кІыхькІэ зэпагъэуауэ щытами, 2020 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъыфІыр къызыхахьи я куэдт щІэупщІэныгъэм хэтахэм. Фигу къэдгъэкІыжынщи, журналистхэм футболиститхум я щІэхэр къраІуэн хуейт икІи япэ ирагъэщщм баллитху, етІуанэм - баллиплІ, ещанэм - баллищ, апхуэдэу къехьуэр трагуашэ. КъыщынэмыщІауэ, гъэбеледжьым хуейт щІэуэ командэм къыхьихьахэм ящыщу нэхъыфІыр, топ нэхъ дахэ дзэзыгъэкІар, «Спартак-Налшыкым» къехъулІа зэІущІэмрэ щыхуэмыкуамрэ.

ЩІэупщІэныгъэхэм къарикІуахэм ялкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболист нэхъыфІ 2020 гъэм хуэщ гъащІэхэхъуэмэныкъуэ **Пащты Руслан**. Абы балл 22-рэ къыхьащ. Тонджэгум ди республикэм щытетхьихь хъыбарегъащІэ Іэнатіихьм ящыщу плІым я кІыжьхэм, «Адыгэ псалъэм» ейри хэту, Руслан ялп ирагъэщащ.

Пащтым баллищ куэдищ къызэрыкІэрыхуар «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъуэмэныкъуэ **Хьэшыр Алан**. Абы и цІэр журналист псоми кьраІуащ, ауэ ялп изыгъэщар зы закъэращ. Нэгъабэ Алан етІуанэ увыпІэр дигуэшат, фэбжь игъуэтам и зэранкІэ мы гъэм куэдрэ мыджэгуа, гъуащхьауэ Бацэ Кьантемыр.

Ещанэ увыпІэр ивбыдащ **ХъутІэ Анзор**. Республикэм и чемпионатым къыхашу «Спартак-Налшыкым» гъэмахуэм хагъэхьа щІалэщІэм псынщІэу утыкур ивбыдащ икІи щІэупщІэныгъэм балл 17 къыщихьащ.

УщымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым **Бахьсэнокъуэ Алихэн** и еплІанэ увыпІэмэ. Тонджэгум и ялп профессиональнэ зэгурыІуэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэм гъэмахуэм дзэзыщІэлІа гъуащхьауэ ныбжьыщІэм гупым текІуэныгъэр къыхуэзэхьа топ зыбжанэ я хьэрхуэрэгъуэхэм яхудигъэкІащ икІи ар гулъытэншэ хъуахъыщ.

ЩІэупщІэныгъэм етхуанэ увыпІэр щыпхьасащ **Ашу Мурад**. Абы баллибл хуагъэфэщащ.

Иджыри футболистиплІым я щІэ журналистхэм КъраІуащ. Ахэр гъуащхьэтет **Антипов Антонщ**, гъуащхьэхъуэмэ **Шумахуэ Заурщ**, гъуащхьэхъуэмэныкъуэ **Іэпщащэ Маратщ**, гъуащхьауэ **Гугуев Магомедщ**.

ЩІэуэ къыхьихьахэм ящыщу ялп ирагъэщащ гъуащхьауэ **ХъутІэ Анзор**. ЖурналистиплІым ар нэхъыфІу кьалъытащ. Нэгъабэ апхуэдэ щыхь зыхуагъэфэща гъуащхьэхъуэмэныкъуэ **Сындыку Темыркъан** иджы Мэзкуу и «Торпедо»-м щоджэгу. Шэчкъытетхьэркъым Анзори къэкІуэну дахэ кьыззэрыпэплъэм.

«Спартак-Налшыкым» 2020 гъэм нэхъ къехъулІа зэІущІэу кьалъытащ Новороссийск щыІэу щыпІэ «Черноморец»-р 2:0-у щытекІуар. НэхъыкІар Ставрополь кІуауэ «Динамо»-м 1:4-уэ кьаззэрыкигъэщІарщ.

Багъэтыр Тимур джэгупІэ губгъуэм и кум иту ТІуапсы кьалэм и щІыпІэ командэм худигъэкІа топыр псоми ефІэкІауэ журналистхэм кьалъытащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.
Сурэтым: **2020 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболист нэхъыфІ, «Спартак-Налшыкым» и капитан Пащты Руслан.**

Мы махуэхэм

ЩІыШылэм и 16, *щэбэт*

♦**Мыл зыщІым, лъэрыжэкІэ къыщажьыхь щыпІэхэм ар тезыльхьэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Ливерпуль кьалэм (Инджылыз) щыщ «Битлз» гуп цІэрыІуэм и махуэщ**

♦**США-м щагъэлъапІэ цІыхухэм динар хуиту зэрахьэныр япэмыбыдыным теухуа махуэр**

♦**Таиландым и егъэджакІуэхэм я махуэр ягъэлъапІэ**

♦**1920 гъэм** Лъэпкъхэм я Лигэм и советым и ялп зэІущІэр Париж щекІуэкІащ, США-м и лІыкІуэхэр яхэмыту.

♦**1922 гъэм** Балъкъэрыр Горскэ АССР-м къыхэкІащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областыр РСФСР-м хэту къэхъуащ.

♦**1963 гъэм** Совет Союзым и УнафэщІ Хрущёв Никитэ дуней псом хэІуцІыІу щищІащ СССР-м водороднэ бомбэ зэриІэр.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысей Академием и член-корреспондент **Тембот Аслъэнбий** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Актёр, Ленин и саугъэтыр зрата, СССР-м и цІыхубэ артист **Лановой Василий** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Пшынауэ Іэзэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, АР-м и цІыхубэ артист **ЛІыщІэрыІуэ Ким** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьыакіуэ **Къашыргъэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. махуэм Хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щІыІэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

ЩІыШылэм и 17, *тхъэмахуэ*

♦**Сабийхэм къагупсыса, зэпкъралъха Іэмэпсымэхэм я махуэщ**

♦**1921 гъэм** РСФСР-м и ЦІыхубэ комиссархэм я советым учётэ кьиштащ «Уэгукіэ гъэзуанэ зэпычыным теухуауэ». МафІэгухэм, автомобилхэм, нэгъэщІ транспорт лІэужьыгъуэхэми кьахэхъуауэ щытащ кьухьлъатэхэр.

♦**1934 гъэм** Свердловскэ, Челябинскэ областхэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1945 гъэм** 1-нэ Белорусскэ фронтым и дзэхэм Польшэм и 1-нэ армэр я дзэпкъыкъэгъуу Варшавэ кьалэр нэмыщІ зэрыпхъуакіуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦**1991 гъэм** Перс псыдзэжьпІэм щыщІидзащ «Кьумым къыщыхьеи борэн» зауэм.

♦**1994 гъэм** НТВ телекомпанием и нэтынхэр кьагъэпъаГъуэу щІадзащ.

♦**1995 гъэм** Япониемрэ Кобе кьалэмрэ щІыр ин дыдэу щыхьеящ. А гуэзвэгъуэм хэкІуэдат цІыху 6400-м щІигъу.

♦Америкэм щыщ политик, щІэныгъэлІ, тхакІуэ, США-р кьэралыгъэ щхьэхуиту зэфІэувэным и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм хабжэ **Франклин Бенджамин** къызэралъхурэ илъэс 315-рэ ирокъу.

♦Урысей щІэныгъэлІ, дунейпсо аэродинамикэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа **Жуковский Николай** къызэралъхурэ илъэси 174-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, егъэджакІуэ, театр гуэзджэм зэхъуэкІныныгъэшхуэ хэзылъха, «СССР-м и цІыхубэ артист» цІэр яІэ дыдэу зыфІащауэ щыта **Станиславский Константин** къызэралъхурэ илъэси 158-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **ЩомахуэЛев** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Темрокъуэ Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей щІэныгъэлІ, дунейпсо аэродинамикэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа **Жуковский Николай** къызэралъхурэ илъэси 174-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, егъэджакІуэ, театр гуэзджэм зэхъуэкІныныгъэшхуэ хэзылъха, «СССР-м и цІыхубэ артист» цІэр яІэ дыдэу зыфІащауэ щыта **Станиславский Константин** къызэралъхурэ илъэси 158-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **ЩомахуэЛев** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Темрокъуэ Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Къэшыдыкъ США-м и мызаекъуэу, дунейм псом цІэрыІуэ щыхъуа боксёр, олимп чемпион **Мохаммед Али** (и цІэ-унэцІэ дыдэр Кассиус Марселлус Клейщ) къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьыакіуэ цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **ПащІэ Еленэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, химие щІэныгъэхэм я доктор **Темырдащ Зэуал** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, уэрэджьыакІуэ цІэрыІуэ, УФ-м Іуэзджэмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Николаев Игорь** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Совет шахматистхэ цІэрыІуэ, дунейпсо чемпионхэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Чибурданидзе Майе** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къарал саугъэтыр зыхуагъэфэща, культурологие щІэныгъэхэм я кандидат **Къумахуэ Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Урысей спортсменкэ, Олимп Джэгуэхэм атлетикэ псынщІэмкІэ тІэунейрэ я чемпионкэ хъуа **Мастерковэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэс кьыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 3 - 2 щыхъунущ.

ЩІыШылэм и 18, *блыщхьэ*

♦**Урысейм и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я командованэ нэхъыщхьэм и махуэщ**

♦**Тунисым щагъэлъапІэ я Революцэм и махуэр**

♦**1535 гъэм** Лимэ кьалэм (иджыпсту Перу къэралым и щыхьэрщ) и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦**1765 гъэм** Урысей пащтыхьым указ кьыдигъэкІауэ щытащ пщыхэм емыдаІуэ пщылІхэр Сыбырым ягъэкІуэну хуит ищІу.

♦**1825 гъэм** Москва Театр Иныр къыщыззІуахащ.

♦**1925 гъэм** «Новый мир» журналым и ялп номерыр къыдэкІащ.

♦**1926 гъэм** СССР-м и кинотеатрэхэм ялпэу щагъэлъэгъуащ «Броненосец «Потёмкин» фильмыр.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Ленинград кьалэр фашист къэухъурейхьныгъэм къраГъэкІащ.

♦**1960 гъэм** Ил-18 кхъухьлъатэм кьемытІысэжыу ялп дыдэу зэпичащ Москва - Каир гъуэгуанэр.

♦**1963 гъэм** СССР-м и Телевиденэ нэхъыщхьэм къыщызэрагъэпэщащ сабийхэм папщІэ нэтынхэр зыгъэхьэзырыну редакцэр.

♦**1964 гъэм** америкэ дохутырхэм Конгрессым кьалэн щащІащ тутын уефэным зэрянигъэшхуэ зэрыпылъыр ар кьыщІэзыгъэкІ Іуэхущ Іапэхэм пачкэ псоми трахэну хуагъэувыну.

♦**2018 гъэм** «Ленинград кьапхъэшым къызэрикІар» панорамэр къызэІуахащ.

♦Адыгэ усакІуэ **ПащІэ Бэчмырзэ** къызэралъхурэ илъэси 167-рэ ирокъу.

♦Инджылыз тхакІуэ, къэралыгъэ цІэрыІуэ щыхьэ «Винни-Пух» таурыкъыр зи кьалэмыпэм къыщІэкІа **Милн Алан** къызэралъхурэ илъэси 139-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Бабочкин Борис** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и баскетбол командэм и тренеру щыта, СССР-м щыхь зиІэ и гъэсакІуэ **Гомельский Александр** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу. Абы и унафэм щІэту кьэралым и командэ кьыхэхьам екъуІлэныгъэшхуэхэр зыІэригъэхьауэ щытащ - Олимп Джэгуэхэм щытекІуат (1988 гъэм), дунейм тІэунейрэ, Европэм блэнейрэ я чемпион хъуат.

♦ТхакІуэ, егъэджакІуэ, кинодраматург **Жылэтэж Сэлэдин** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Абхъазым, КъШР-м я цІыхубэ артист, КъБР-м щыхь зиІэ и артист **Акъ Мухьэрбэч** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, кинорежиссёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Невзоров Борис** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и Парламентым и депутату щыта, «УФ-м цІыхубэр егъэджэн и Іэнатіэм и лэжьакІуэ нэхъыфІ» цІэр зыхуагъэфэща, жылагъуэ лэжьакІуэ **Умэ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Уэрэджьыакіуэ, композитор, актрисэ, УФ-мрэ Курджыкъэрэ я цІыхубэ артисткэ **Гвердцители Тамарэ** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Украинэм щыщ биатлонистхэкъуэ, Олимп Джэгуэхэм я чемпионкэхэу, зэшыпхъу-зэгъэпІолъхэныкъуэхэу **Семиренкэхэ Валентинэрэ Витэрэ** я ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэс кьыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым градуси 4 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

ЦІыху хьэлыншэм езым зеукІыж.

КъБР-м Коронавирусым кІэлъыплъынымкІэ и оперативнэ штабым къет

2021 гъэм щІыШылэм и 15-м ирихьэлІэу

Узыр япкърытрэ япкърымытрэ кьахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 388.161-рэ
Сымаджэ хъуауэ ятхахэр - 17.300-рэ
Иужьрей жэщ-махуэм кьриубыдэу кьахутахэр - 98-рэ
Сымаджэщхэм щІэльхэр - 1.484-рэ
Реанимацэм щІэльхэр - 96-рэ
Хъужакэр - 15.822-рэ
Вирусым и зэранкІэ дунейм ехьжакэхэр - 294-рэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэтхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр ЩхБАССР-м сатумкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, илъэс куэдкІэ хьэлэну и Іэнатіэм пэрыта **Абазэ (Хьэнэ) Шоцэ Билал и пхъум** и унагъуэм, абы и Іыхьлъхэмрэ благъэхэмрэ ягуфІэн зэрехьжам кьыжьКІыу.

ЧЭРИМ Марианнэ

Ды иримыкъу

Роман. ЕтІуанэ Іыхьэ

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр 2020 гъэм и №№9 125-130-хэм, 2021 гъэм и №№2-3-хэм итц).

Зэризакъуэр Іупщі зэрыщыхъуу, Рэхьмэ зыхиющІэ гухэщІым фэкІи цІэкІи зихъуэжьи щІидзащ. Уи нэгу къыщІэгъэхьэт ар фІыуэ пльагъуныр уи гъащІэ пщэрылъу! «Фи Іуэху хэлъкъым, сиІщи сеукІ», - жиІэу, узрамыщхьэм къыптеуэжа нысащІэм ещхьу, уигу иригущэбыхьэу зыззэпыплъэщІыхьыжрэ уеубзэу. И щхьэхуещагъым мыхьэнэ куу къыхуэпльыхьэуу! Уэху! Иджы Марат дильэгуаз напэтехъэр цІыхур балигъ зэрыхьым и нэщнэжу къимыльпэзми хъунущ. Дунейр гъунэншэу нэхъ инщ, гъащІэри нэхъ хуитщ, абы къыфІигъэщІыну зэрыхэтам нэхърэ! ТІуми уи щхьэ, уи гурылъ къабзэ упощІэувэжыну урахулІэркъым. Уэху! Хуитыныгъэ!

Хъыджэбзым и щэху псори щыізхуихьэс дэфтэр Іуэрыр къыдихри иужь дыдзу иритахъэм ирижащ. ТхэкІэ зэрызыригъасэрэ апхуэдэ дэфтэр Іэджэ зэрихъэкІат абы. И кІэм зэрыкъэу игъэсакиу. Ауэ мыр зэридэкІуэгъуэр ищІэу иублауэ, и гум и куупІэм къыщыщІэж псынэпсыр щихъумэ тхылът, гъащІэм и кІыхьагъкІэ кІуэцІрихыну зигъэхьэзыру, псом нэхърэ нэхъыбІуи ильагъунум, псуху игъэпэжыну ІыкІым хуэгъэзауэ. Хэту пІэрэ ар? Зыгуэлым Іэры-хьэмэ, къыгурымыІуэн хуэдэу, и щІыІум зыри тритхакъым.

Гулъытэ къыхуэзыщІ щІалэхэм ящыщу зыми теубыдауэ къызэрымынэр игъэуІнэхуа нэужь, Рэхьмэ махуэ гуэрым гурыщІэ гъэщІэгъуэн къыпкърохьэ: сызыдэкІуэнКІи хъунум Іэджэрэ зихъуэжьнущ, ауэ дунейм къытемыхьа си къуэр зэи хамэ къыслухуэхъунукъым. Къуэ имыІэнКІи хъуну игу къэкІыхэзрэгъэкІым абы. Сыт кІыщІэкІынур, ущыщыхубзкІэ? Анэ уэзрыхъунум нэхърэ нэхъ шэч зыхэмылъ уи къэгъащІыкІэм щемыпхакІэ?! Пхъууи къыщІрекІ ар, ауэ арэзы къэзыщІн щІалэ зымыгуэт пщащхэм я гур щхъхуимыту къуэм дежи макІуэ. «СщІэркъым иджари адэ пхуэхъунур хэтми», - ирожэ пщащэр яІэ сатырхэм. Марат теухуауэ сытыт иритхар? «КъмытыфынумкІэ къыслуэгъэгуфэнукъым». Фіыуэ схуэпльагъун хуэдизу сигу ирихьыркъым - ар итхам къикІри пэжри. Екъури а напэр къыдитхащ. «Къысщыдыхьэшхынущ», - жиІэу, зэрытетрадиг игъэсхьыным куэд хуеижтэкъым. ЗыхэкІыжаІакъым, дунейр къутэхукІэ зыдэмыхьуну ЛІыгъум Марат фІэкІа.

И тхылъ щэхур къыдэгъэжьым дилъхьэжри, пщащэр и напэр итхъащІыну пэшым къыщІэжІащ. Жьрасрльэнрэ Сэтэнейрэ я макъэр иджы лэгъунэм къыщІоІукІ.

- Аращ нэхъыщхьэм уриблагъэмэ. ИгъащІэм сэлам къуимыхами, къыбдалъагъу, - Жьрасрльэн игукІэ Марат хуэзгуэпырти, и фызым дзыхь зэрыхуимыщІыщэр щІыгупщэжауэ ирикъуТкІырт.

- Участковэ къудейуэ пхуэлэжьэн-тІэ ар? - зи къуаншагъэр наІуэ мыхьуэ Марат къыщхьэмыщІыжыныр и гум къыхуидэркъым прокурорым и фызым.

Рэхьмэ нэмыщІ, зэщхьэгъусэхэм иджыри зы къуэ яІэщ, и щыпхъум нэхърэ ильэсиблкІэ нэхъыщІэу. ЩІалэ цІыкІур сымаджэрилэщи, къыщІэзэ зыгъэпсэхуПэм гъэмахуэ псом щамыгъэІэу къуркъым. Сабийр ныбэ щІылъым анэм щІыІэ зэрыхьыхьам и зэрант хэуэ къызыхэкІар. Ар и лъэм гриІахьэрт Сэтэней. Абы щыгъуэ Жьрасрльэн и щІэныгъэм хигъэхъуэну Бжьэдыгъукъалэ ягъэкІуат. Езыр иджыри лэжьапІэм къыуІэкІыжатэкъыми, щІымахуэ кІыхьыр щІагъуэу ямыгъэлпЪ бухгалтер кІэнтІорэм щрихьэкІри, щІалэ цІыкІур къелын-къемылынут дунейм къызэрытехьар. ГащІэ иІэу къыщІэкІащ. Ауэ гугъэ псори зрапх я къуэр зэрымыузышІэр зэщхьэгъуситІми я гум хьэпъэу телъщ, зым адрейр игъэуІнущ. Сабийм хуэгъэза я гумащІагъым зэрешалІэ, зым адрейр зэригъэмысэм зэбгъэдеш. УзэкІуэлІэпэнчи узэбгъэдэкІыныи Іэмал къозымыт гурыщІэм тещІыхьа нэчыхьыр быдэщ. Іэпкъльэпкъым и Іыхьэм ещхьу уоса ебы узэрирпх псэгъум. Уи Іэр зэрыпумыуплщІынум, уи нэр зэрулыщІыжыным хуэдэу, пщыщ ещІ. Зым адрейм нэхърэ нэхъыфІу зыкъыІыытэж щхьэкІэ, лъэныкъуэкІэ къаплъэм илъагъур унагъуэр зэрырикъурщ. Фіым зэрыфІым щхьэкІэ уесамэ, уэзса гухэщІми, щІакъуэ башым ещхьу, и хъер куэд къоКІ. Ар и быдагъщ Жьрасрльэнрэ Сэтэнейрэ здаууэа уэнэ-жьэгум. Зэщхьэгъусэ зэмыщхьыжкэр я зэбгъэдокІыж, е тІум яз дунейм йохьыж. Мыхэр зэщхьщ. Узэщхьыху, узэдопсэу.

- КъуныкъуэкІэ дэІэбеину мэхъуапсэ. Лъэкъэфынущ икІи. Министр хъуауэ плъагъунщ. Игу къиихьам теІэбэнущ.

Жьрасрльэн зигъэгубзгъэ щхьэкІэ, пыІэ хуабэфІ щхьэрыгъущ. Тетышхуэм и благъэ ЛІыгъумкэ я къуэм и пхъур иритыну хуей зэпыту къокІуэкІ ар. Иджы Марат зэрыкъуаншэр наІуэу, и адэр плъхъуэущэм зэриліыьам игу къыззэригъэгъэтыжауэ, фызы хъыбар ирекъутэкІ. Жьрасрльэн фІыуэ ещІэ, щІалэр дунейм тетыхэмэ, къыззэрысщхьынур, езыри здыкъуэта къуэгъэнапІэ дзэм зэрыдэзнІкІэжьынур. Сэтэней иджыпсту хуэдэу щеуэршэрыпІэкІэ, абы пщІы куэд зысфІыдиишхыкІ, итІанэми утыку зэрит унагъуэр зэригъэпщІыжу аращ. НэгуэущІ мыхъуми, и напэр тесхьинщ жыхуиІэу, Марат зыгуэрхэр зэрыщхьэщиутІыпщыкІри лей хъунукъым. Ари лЫгъэщ Жьрасрльэн хуэдэхэм я дежкІэ. МыноБэмэ, пщэдей ар ЛІым и щэхуэхэр иБзыщІын зимыхьэл Сэтэней ирихьэжьынущ, адэкІэ и КІапэр къыпхуэгъуэтыжынкъым.

Рэхьмэ я мащІэри хурикъуащ зэи къимыгъэззэжыну адэ-анэм гукІэ япэІэщІэ хъун папщІэ.

3
Машэ машхэ

Марат и гъусэу Геленджик щыІэ Машэ, хы Іуфэм щызытригъэха и сурэтхэр инстаграмым къыщирилъхьэж пщащІыжьыкъым адэ-модэкІэ щагъэхьыбархэм ирижэурэ, ЛІыгъум унэцІэр къыпэщІэхуащ. «И адэр лъэхъуэщым зэрырригъэлІыхьар ищІамэ, къимыгъэзэжу хьм зэпрыскІынт я бдзэжьеящэр». Зыгтхыр «ЦІэимыІуэ» зыфІэзыщІыжа телеграм тхакІуэхэм яІэт. ЖриІэн-жримыІэн?

«Епльыт», - хъыджэбзым и телефоныр абдеж быдэм пыІэр и нэкІум Іулъу щылъ Марат хуеший. Іоплъ. Къэджэ. КъыЗэфІотІысхьэ. Зыри къыгурыІуакъым. И телефоным мапхъэрэ, маХуиІ лъандэрэ къытримыхуа узэджьнкІэ къомым я зым поджэж. Щыхьым и узчылу щыта Іэмыр ейм.

- Алло, Марат, къеблагъэ, - занщІэу къытрех Іэмыр.

- Къэхъуаіа?

- Уей, Марат, Тхьэм пщимыгъэгъупщэкІэ... ЗэшзэзпІэу къытехуэри...

- ЗанщІэу сыт къыщІызжмыІар?

- УхущІыхьа къыщІэкІынкъым...

- Къытеэмыхмэ, къэтх жысІэу дапщэрэ зэрыфжесІэнрэ уэ жьэмщхьэмым! Телефон ущІиІэр сыт?

- Уатсапым ныпхуезгъэхьащ, Марат, зэрызэхэсху, къыскхуэгъэгъу. Зэрынэсар сысеймк къытридзати, умыльъэгъуауэ сигу къэкІакъым.

- Хъунщ, зэрыхъуар жыІэ.

- Тхьэмахуэ псокІэ мышхауэ къыщІэкІащ. СынэщІщ жиІэурэ, къаухуэмысасхьэм зыкъэомрэ. Зэрыхъун хъуа ныжьщ дохутыным къыщищІар.

- Сыт щхьэкІэ, ерыскъыр здихьыр ялъагъуртэкъэ?

- Щэращ ирисщІынущ жиІэурэ, камерэм здихьыр гъэпльэгъуащ. И нэгур къызэІуауэ - фІэмащІэщ. Ауэ зыри жилакъым. Зэрынэсам и хъыбарыр и телефоным къыщыджэжу поплъэри, къыІуегъэзыкІыж.

«Уриси урыс, - и щхьэ хуэзгуопыж щІалэр, илъэситІ итэкІэ къыщхуэа фэтэрым къызэдэкІуэжьым. - Си адэр лІа щхьэкІэ, и зы лъэхъуамбэ пшахъуэ хуабэм къыхухэхыныкъым, ауэ щыхьукІэ, дызэрыгъашэ жеІэри махуэ къэс къыскупеІэкІІу».

Езым и лъэхъуамбэ дзэ къэна, и Іэпкъльэпкъ пшэр зэщІэбэтар кърикъэжьэри, хы Іуфэм пэмыжьжьэу щыт и унэм нэс къихьжьащ. Гъэкъэси къухъульатэкІэщ Геленджик къызэрыкІуэр. КІІуэжьгъуэм, заплъэхьыну Іэмал яІэн щхьэкІэ, машинэ тынш къащтэ хабзэщ. И закъуэу зэи екъэжьатэкъым иджыри къэс. Дыгъуэпшых къашэжар къыпамыгъапльэмэ, нобэ щІалъхьэнущ. Абдежщ ялэу щІэкІуэж щхьэусыгъуэр и акъыльым щынэсар.

ЛІащ. Сыт щІэлІар? Езым къыхихар пэж? Сыт зыгъэгужьеяр? Тезырым. Хэт зыщІар ар Марат зэриунафэр? Псоми: прокуроррми, узчылми, следователми. Езы Щэхьым ищІэртэкъым, къызэрищІэн Іэмали щыІакъым. НтІэ, илъэс закъуэм игъэшынауэ ара? Игъэшынамэ, щхьэ занщІэу зыфІимыльхэжарэ, тхьэмахуэкІэ зэпимыщу? Марат ямыгъэкъэнщэн щхьэкІэ. Абы къиІкІыр - Марат зэрыкъуанщэр ищІэу араш. Пэжынкъым. Щыхьым апхуэдэу кууэ гупсысэркъым. Епльэ аргуэру зыІуигъэува Іэнатіэм. Щхьэи апхуэдизу уделэн хуейт, Щыхьым, мазэ бжьыгъэт узэризгъэсынур.

Фэтэрым нэсыжьыу ахэр зэригъэзахуэуэр, къъухульатэкІэ ежьэжьыным триуухащ. Къыпэщылъым сыхьэтибгъукІэ егупсысыфынукъым. Налшык зэ нэсыжмэ, адэкІэ таксикІэ ежэхьыжащ. ПщІантІэм дыхьэжу къызэрызыфІригъэщІу, и анэм иджыри къэс зэремыпсэлъар къыщІэжащ. Хьэуэ, ятэщІыкІэ кхъухьльатэ тедзапІэм зыпищІэнщ. Сыхьэт дзкІэмэ текІыну къыщІэкІащ нэхъапэу зызыІэтынур. ТІысыпІэ къыхуагъэнам и уасэр иригъэхьщ, такси къриджери. ДахэзиІэ и уэрджанэ къытримыхам пэджжэу и телефоныр тріпІытІащ:

- Сэращ ар. ЛІо, дауэ фы-щыт?

- Дызэрыщытыр пщІэнт, зыкъэдбГъэгъуэту щытамэ? Адэ-анэ сыту пщІыну уэ?

- Къэхъуаіа?

- Зыри къэхъуакъым, тІаса, зыгъэпсэху. Хьэблэ, къуажэ щыІэщ. Сылами сащыгъупщэжат иджыри къэс.

- СыноКІуэж сэ.

- Дапщэщ?

- Иджыпсту сыножьэж, сихьэтитІ-щыкІэ сынэсыжьынущ.

- Хэт къыбжезыІар?

- Сытыр?

- Уи адэм зегъэсымаджэ, аращ сщІэщхьидзэр...

- ...Зэпиудащ. Пэжщ, къызэрыщІэкІымкІэ. Псэур ямыгъэгузэвэн папщІэ, ЛІам «зегъэсымаджэ» хужаІэ хабзэщ. И хьэпшыпхэр зэрилъхьэжри, такси къыІульэдам къыхуущэкІащ.

- Къэхъульатэ тедзапІэм, - жреІэ рулым дэс ермэлым.

Абы ирихьэлІэу Машэ къыхуэтх: «Сегупсысыжащи, сэри сынэкІуэжьын, жызоІэ». «Сыхьэт ныкъуэкІэ хьэзыр уХъунумэ, билет къыпхуэсщэхунщ», - хуэтхыж. «Уэ зыпхуэгъэгувэнукъэ?» «Хьэуэ». «Си закъуэу сыкІуэжьынумэ, сыт зи мыхьэнэр сыкъызэрыкІуами сызэрыкІуэжми?»

Епльэ аргуэрым. И ахъшэм гъэгупщІэр хигъэкІыну хуэмейуэ аращ.

Тхьэмахуэ дзкІмэ, Іуныкъбзэр къыІихыжу къыщІэкъэкІыжыну унафэ хуищІат фэтэрыр зезыхьэм, ари къыщІагъэнщ. «Уи хьэпшыпхэр зэщІэкъуи афІэкІа сиІщи зызымугъэльагъ», - жриІэнт, такси имысамэ. ЗэпытУ укІуэ, аргуэру зы бий сыту ищІыну. КъыпкІэльыщІэпхъэнурэ уи напэр трихынущ. «Уэзрыхуейуэ щІы, си кхъухьльатэр сыхьэт дзкІмэ, токІ», - хуитхыжащ.

Дыгъэ жьэражьэм къызэщІигъэпльэ Марат и Іэпкъльэпкъ щІалэр машинэ жьауэмрэ жьыбгъэмрэ зэралэрыхьэу, жей Іэфыр къебгъэрыкІуащ. Ужей хъунукъым, кхъухьльатэ тедзапІэр гъунэгъущ.

- Зыгуэр къоузрэ? - къоупІей ермэлыр.

- Хьэуэ, си жей къэту аращ.

- ЗегъэщІ, ухуеймэ, - увыІэжыркъым гузехуэр.

- Уи Іэзху иужь ит, - пиупщІащ Марат. - Ахъшэ зэростым нэмыщІ, утезгъэуни хуейуэ.

- Дыщ Іигъуным тІэкІущ иІэжар.

Макъамэ щабэ трилъхьащ. ЗанщІэу гум зыхэзыІсэ макъамэ. И адэр иІэжкъым. И нэпсыр къыщІэжмэ, къэсыжакъэ.

- Куэд щІауэ удэс таксим? - макъамэрат зи лажьэр езы Марат апэу псэльэн зэрыщІидзар. Мыпсальэмэ, гъын тІэу епльэныжьыкъым.

- Іэщ Іагъэ етІуанэ схуэхьуауэ жыпІэ хъунущ, - и гуапэу жэуап кърет ермэлым. - Гъэмахуэ къэс зэрыунагъуэу дыщолажьэ мыбы.

- Уи щхьэгъусэри такси дэсу ара?

- Хьэуэ, ар кафем щІэтщ.

- Дэнэ фызыщыщыр?

- Краснодар.

- Краснодари цІыхушхуэ зэрохь.

- Абыи къыщыболэжьыкІ къъарыІну, ауэ мы Геленджик е Сочэ хуэдэкъым.

«Зи насып, - йогупсыс Марат. - ХуэзэфІэкІыр ещІэ. МаХуэм сом мин зыбгъупщІ къыхэхуэмэ, ехьуІлаІуэ, нэхъыбэ хуэмейуэ мэпсэу». «Нэхъыбэ хуэмейкъм» зэрыщІэ нэхъ зэхуэдэу дунейм теткъым Марат. Езыр сыт щыгъуи нэхъыбэ хуейщ. Зыхуейр къызырыхьа нэужьи, зэрыщыгугъам хуэмыдэу зыкъщІкІ.

Мис, мыхэр щотхъэ адыгэщІым. Бжьэдыгъукъалэ щІопсэу, Геленджикрэ Сочэрэ щылажьэ хуэдэу къыщежьых. Адыгэ къуажэдэсыр а къалищым я зым и гъащІэ псом къриубыдэу зэ закъуэ нэхъ мыхъуми, кІуэмэ, гъащІэ насыпу хуроку. Бысымыр и хэкум щыхьыщІэщ. Урысхэм я хьэлщ ар. Зэрамыхьэфыну щІыр къыпптрахри, езыхэр къэзыгъэпщІэф мис мы ермэлыхэм хуэдэхэм иратыж. ЩІалэ Іей хуэдэкъым, хьэуэ.

- Си адэр лІауэ сокІуэж, - Марат мыпсальэу хъунутэкъым.

- Іэгъу, сыт жьыпІэр? Сымэджауэ ара?

- Лъэхъуэщым исащ, - тІэкІу ирешынэ, ягъэ кІынкъым.

- Уэ дэнэ ущылажьэр?

- Полицэм сыкъутэщ.

Ермэлыр гу лъыптэу мэгуэзавэ.

- Уи щхьэгъусэр здэпшэжькъуэ? - Іужажэ макъ къыщІэуващ и упщІэкІэм.

- СыфыкъэзмышІэщ.

- ЕмыкІу сыкъэпщІынкъым, сэ зэрэ-тІэпрэ фыкъесшэкІащ, дэтхэнэ гузехуэр уигу ибубыдэн. Мы адыгэ щІалэм дауэ урыс къэгъэшаа жысІэу, сегупсысыт.

- Сыадыгэу дэнэ щыпщІэр?

- Краснодар адыгэ лъапсэкъэ езыр? Ныбжьэгъу Іэджи сиІэщ уи лъэпкъэгъуэ. ФэкІэ къыбощІэ.

- Адыгэбзи пщІуэу жумыІэ.

- Мис ар, хьэуэ. Езыхэри зэрыпсэлъэжьышхуэ щыІэкъым аХэр адыгэбзэкІэ, уэри уныгъуазэ къыщІэкІынщ абы.

- Пэжщ, - жиІэри, и нэхэр зэтрипІащ, псэлъэнкІэ зэрырикъуар наІуэу.

Гукъыдэж иІамэ, уэршэр кІыхь иришэжьэнкІи хъунт адыгэ тхыдэм теухуауэ. Бгъэшынэмэ, мес, ямыщІафэ зытрамыІэуэжу, ебыхэм къыбжаІэжынущ псори.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

● Фэеплъ

Дигухэм ущопсэу

Гугъущ фІыуэ плъагъу цІыхум, – ар уи Іыхьлыуи, уи ныбжьэгъууи, уи лэжьэгъууи щрырет, – блэкІа зэманым иту утепсэлъэныну. Гугъущ узэсэжауэ махуэ къэс къыупсэлъу щыта абы и цІэм «щыІэжжъым» пылъэныр. Гуауэшхуэщ цІыхур игъуэ нэмысу дунейм цІехьыжыр. Апхуэдэ дыдэу гуауэщ цІыху нэсыр, цІыху пэжыр, ар сыт хуэдэ ныбжьым имытми, игъащІэ псокІэ къимыгъэзэжыну щыпІэщІэкІым деж. Дэ фІыуэ тлъагъуэхэр игъащІэкІи дгъэпсэунут. АрщхьэкІэ гъащІэм езым и хабзэ ткІийхэр иІэжщ. И натІэ къуртхам Іэщ-щІэкІыфам мы дунейм къытехъуакъым. ПэзиІэмкІэ иІэщІи, гъащІэзиІэм ухахъыи иІэщ. ИщхьэмкІэ щащІа унафэм дэ тхуэхэлъхьэни, тхуэхэныни щыІэкъым. КъэнжкІи дунейм ехыжам ди гум плІанэпэ щыхухэтхыу, абы хуэфащэу адэкІи дыпсэнырщ, ди Іуэхуфіхмкіэ, ди ехъулІэныгъэхэмкІэ и псэр дгъэгуфІэнырщ.

МАХУЭ БЖЬЫҐЪЭ хъуа къудейщ сэ зи гугъу ныфхуэсщІыну цІыхубзыр дунейм зэрехьжрэ. Ар си анэ дэлъху Бицу Георгий (Жорэ) и щхьэгъусэ Щэрдан Хужьпагъущ (Женякіи деджэрт). Нобэ хуэдэу сощІэж ар ди анэм и деж нрахьэлІаэу зэрыщытар, нысащІэу ди пэш блыным щыкІэрытар. Абы щыгъуэ сэ сыщІалэ щыкІут. (Псы куэд ежэхащ алъандэрэ). А зэманхэм къыщыщІэдзауэ гъэфІэгъыбзэу къысофІищауэ щыта цІэмкІэ къызэджэу, гулъытэ лей къыхсхуищІу, адрейхэм сакъыхигъэщхьэхукІыу и гъащІэр ирихьэкІащ Женя. Сэри апхуэдэ Іулъытэм гуапагъэкІэ сыпэджэжырт.

Иджыпсту, мы сатырхэр щыстх дакъинджъхэм, си гум нэпс нэрымыльагъуэр къыІэпоху. АрщхьэкІэ а бзылъхугъэ щыпкъэр нэхъыбэм къезгъэцІыхуну сыхуейщи, си тхыгъэм адэкІи къыпсэлъэнущ.

Женя, уэ пхуэдэр зырызыххэт. Анэ гумащІэу, цІхьэгъуэ пэжу, шыпхъу гуапэу, сыткІи уи дзыхь зэбгъэз хъуну цІыху щджажьэу дунейм утетащ. ЦІыхугъэ, лІыгъэ, шыІэныгъэ, щІыхь, нэмыс, гущІэгъу, гуапагъэ – цІыхупсэм лъабжьэ хуэхъуж а хьэл-щэныфІ псори уи дежь щІэзэхъэхъэсат. УзэпІэзэрытт, уІэдэбт, унэмысифІэт, псальитІ я щхьэ зэтепчыртэкъым, уи жагъуэ хъащІакІи, псальэ дыдж цІыхум жепІэну уи щхьэ хуэбгъэфащэртэкъым. Уи дуней тетыкІэкІи, уи дуней епльыкІэкІи, уи зыІыгъыкІэкІи щхьэхъэ зытрахьи ухуэдэт. Уэ щхьэхъэм урощащхьэжт, Женя. Сыт хуэдэ Іуэхуми акъыл гъэтІысакІэ убгъэдыхьэрт. НэхъыщІэми нэхъыжьми уи чэнджэщ щхьэпэхэр я гъащІэ гъаэзт. Дахагъэм уи гур хуэзІухат, псэр зыІэпыІэзышэ гуапагъэ мыухыж уи нэгум кърихырт.

УкъызыхэкІар унагъуэ хуэщІати, ар къыфхуамыгъэгъуфу бзылъхь куэд фагъэшэчащ. АрщхьэкІэ, фи Іыым хэлъ уэркъыгъэр фи щІэгъэкъуэну, фэ хьэзабу щыІэм фатекІуащ. ИкІи, балигъ фіхъури, гъащІэм лъэ быдэкІэ фіхъэващ. Уи дэлъхуэгу Щэрданэз Абурэ Абдулрэ республикэ псом хъыщащІыхьу. ТІури егъэждакІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым илъэс куэдкІэ щылэжащ. Абу филологие щІэныгъэхэм я докторт. Урысыбзэмрэ бзэ щІэныгъэхэмкІэ кафедрэм и унафэщІу, филологие факультетым и декану, деканым и хуэдэзу щытащ. Абдул физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидатщ. Уи дэлъху нэхъыжьэ Жьэхьфар адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэу и гъащІэр ирихьэкІащ. Ригушхуэ, урипагэ мыхъуну зы цІыху закъуи яхэтткъым уи Іыхьлыхэм.

Уи щхьэгъусэ Жорэрэ уэрэ фи псэр зы чысэ ильу фыкъызэдекІуэкІащ. Фэ ТІур фызэкІурти, дунейм и екІури фи фащэт. Ди университетым химиемрэ биологиемкІэ и факультетыр къэвухат. Уэ ятощІыкІэ КъБКъУ-м, итІанэ педучилищэм щебгъэджащ. Жорэ педучилищэм илъэс куэдкІэ щылэжьащ – директорым и къуэдзэу икІи егъэджакІуэу. Фи епхъулІэныгъэфІэжм папщІэ, республикэм и дамыгъэ лъапІэхэр мызэ-мытІэу къыфхуагъэфэщащ. Фызыхэт гупхэм пщІэрэ щІыхьрэ щывІэт. Евгъэджа куэдым ныби фІыкІэ ягу фыкъагъэкІыж.

Быным я ехъулІэныгъэр адэ-анэм я нащІэтельщ. Узэрыгушхуэ хъун бын хъарзынэхэр зэдэфІащ Жорэ фэрэ. Уи къуэ Вадим къулыкъушхуэ зыбжанэ зэрихъэкІащ – республикэм кардиологиемкІэ и центрым и дохутыр нэхъыщхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым узынщагъэр хъумэнымкІэ и министру, Московскэ областым узынщагъэр хъумэнымкІэ и щІыналъэ управленэм и унафэщІу щытащ. Мы зэманым Урысей Федерацэм и Президентым дек Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу щыІэм и къуэдзэщ. Фипхъу Маринэ экономикэ щІэныгъэхэм я кандидатщ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и егъэджакІуэщ. Фи къуэрылъху-пхъурылъхуэрэ дыгъэл защІащи, цІыхур зэхъуапсэм хуэдэщ – хэти йоджэ, хэти мэлажьэ...

... Узэрытетам хуэдабзэу, щэхуу, мамыру уехьжащ уэ мы дунейм. Уекъижащ, уэркъ бзылъхугъэм зэрыхуэфащэу, ажалым и нэгум пагэу уиІупльэу. Хьэуэ, уэ укІуэдыжакъым, Женя. Ажалым уи пкъыр пІихами, уи псэр абы пІэщІихьфакъым. Уэ уи псэр Іыхьэ-Іыхьэу яхэбгуэшауэ уи бынхэм яхэлъщ. Аxэр псэуху, уэри упсэунущ. ПсэкІэ фызэрыщІэу сыт щыгъуи фыкъызздекІуэкІынущ. ЩагуфІэгъуи щагуззвэгъуи уэ абыхэм иджыри куэдрэ зыкъыпхуагъэззэнущ, уи чэнджэщ Іущхэм зыкъныкъуэ.

Я гъащІэ гъэзугр яхуигъэнэхуу, уи псэм и нурыр игъащІэкІи уи щІэблэм ящхьэщытынущ.

ГъащІэр напІэдэхьеигъуэщ, гъадэщІыдэм кхъухьлыдыкІ зы хъуэпскІщ. СыттІэ итІани цІыхухэм гущІэгъу щІызэхуэдмыщІыр?.. Женя, уэ пхуэдэу псори щытамэ, мы дуней ежьэ зэстхунти, зы цІыхуми абы лей къыщытехьэжьынтэкъым, зы мэжэщІалІи, зы щыгъэныждж щыІэжьынтэкъым. АрщхьэкІэ...

Уи дунейр пхъэжьамэ, зызымыхъуэж Іэфіыгъэ дигухэм къыбнэну пхуэзэфІэкІащ. Дэ уэ зэи утщыгъупщэнукъым, Женя. Дыпхуэарэзыщ! Жэнэтыр унапІэ Тхьэм пхуищІ!

Уи щхьэгъусэ Жорэ, уи бынхэу Вадимрэ Маринэрэ, уэ я къыпхуэщыгъуэ адрей уи Іыхьлы псоми сэбэп яхуэхъункІ, я гуауэр, зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми, ящхьащихьнкІэ сыгугъэ, зы ми тхыгъэ кІэщІым усит щІызогъу. Зыр ильэс зыбжанэ ипэкІэ уэ пхуэзгъэфащат, Женя. Уи псэр Тхьэм щигъэгуфІыкІ!

Уэркъ гуащэ нэсым урищапхъэщ, Ухъу зи лІэщІыгъуэр имыкІын!

Аращ и хабзэр дунеижьым

Аращ и хабзэр дунеижьым:
Къытохьэ зыр, адрейр тохІыж.
Къытщхьэщытыжкъым
ди нэхъыжьхэр,
НэхъыщІэ куэди тхэмытыж.

ЦІыхупсэр махэми, цІыхугум
Къарууэ хэлъкъэ ямылей.
НэщІыбзэ зэхъуапсэ ми ди щІыгур,
Зыр лІэм зилІэжтэмэ адрейм.

Гуауэ архъуанэм дыщихьэм,
Ныбжьэгъуэр псынщІэу къытлъоІэс,
Я гу хуабагъкІэ псэм къыдыхьэу,
Я псалъэр тхуэхъу хущхъэ нэс.

ЩыізэхокІыжьр пшэр ди уэгум,
Ди нэгум дыгъэр ХъредзэжІ.
Адэжь щІэнищ гугъэ тІэкІур –
Гугъэн аргуэру щІыдодзэж.

Ауэ ди махуэм я нэхъ уэфІми
Ди лІахэм – арщ и хьэлыр псэм –
Я гушыІэкІи я псэльафи
Дигу къэдгъэкІыжурэ допсэу.

Ажалыр гъащІэм и дэуэгъуми,
Гуфіэгъуэм гуауэр къуэш ищІащ.
ЩІым екъжахэр дымышІэгъуми,
ГукъэкІыж къуэпскІэ дапыщІащ.

Сыхуейщ сыхъуну сэ гъащІафІэ,
ЩІым тетщи фІыуэ слъагъу
цІыху куэд.
Ажалми хъунщ нэхъ ІущІэгъуафІэ,
ЩІым щІэльщи фІыуэ слъагъу
цІыху куэд.

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,
усакІуэ, «Іуащхьэмахуэ»журналым и редактор нэхъыщхьэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег

Сурэттех

Хьэблэм къыдыхьауэ
Нобэ сурэттех,
ЦІыкІухэм яхьихьауэ
Сурэт ятрех...
ЩитІэгъащ Оксанэ
И бостей нэхъ дахэр,
Томэ мэгъынанэ -
Хуейкъым зыкІи ахэм.
Мэз къэса къудейщи,
И нэ топыр кІэж,
Ислъам цІыкІу уващи,
Зыхуэарэзыжщ.
Къэуващ Заринэ,
ТІимэ къыбгъурытщ,
АдэкІэ Залинэ
Зыкърехри щытщ.
Мэдэ цІыкІу мэжейри,
Дэ и гугъу дымыщІ,
ЩІэскъым ди Замири,
Къэувынщ нэгъуэщІ,
Данэ укІытэжщи,
Идэркъым увын.
ХьэІишэт щытыхэщ -
Абы зыхиныи?!
Хьэблэм къыдыхьауэ
Нобэ сурэттех, -
ЦІыкІухэр зэрызохьэ -
Сурэт ятрех...

Уд фызыжь

Уд фызыжьу
Пэ къуаншэжь,
ТІэкІуи жьажьэу
Тхы Іушэжь.
Пэжжьым жаІэр
Уэ убзаджэу,
Сабий цІыкІухэри
Бгъэтхьэджэу!..
Дзэ пІутыжжьым,
Пшхынур сщІэркъым,
КъикІи щыІэкъым
Уи макъым.
Еуи, кІий, ухуейм
Дэлъей,
Сыпщышынэркъым
Уэ Іейм!
Уэ си жейми
Укъыхыхьэм
ЖесІэжынущ
Дадэ и хьэм!...

Дыгъэ бзий цІыкІу

Дыгъэ бзий
ЦІыкІур
ГуфІэжу
Пэшым
КъыщІопкІэ,
ИгъэкІылу
ТІэкІуи,
Си напэм
КъытопкІэ.
Си набдзэм
Тоувэ,
Си натІэм
КъотІыркъ.
ГъуэлъыпІэм
Къоувэ,
Жимыіэу
ЗыщІыкІу.
НапІэр
Зэтесхыу
А хьэщІэм
Сеплъам,
Гуапэу
Къызехыр
Бзий цІыкІум
Сэлам.
Сытэджу
Си Іэр
Щысшиям,
Бзий цІыкІур
ДаІэ?
Къэпщтэнти,
Бгъуэтам!..

● Ди сурэт гъэІылъыгъэхэр

Темыркъанхэ Юрэрэ Борисрэ, Сэхъурокъуэ Хьэутий сымэ. *2015 гъэ*

● ЖыІэгъуэхэр

Хэплъыхь псори Іыхьэншэкъым

♦Фіы хэумылъагъуэмэ, гъащІэр хэплъагъуэщ.
♦ФІыгъуэр щыкуэдым фыгъуэри щынэхъыбэжщ.
♦Хабзэмэ хэкужь щынэгъэгъуащэркъым.
♦Хабзэм уемызэгъмэ, бий укъещІ.
♦Хабзэм уемызэгъмэ, хабзэншагъэм ухэзэгъащ.
♦Хабзэщ Іэ къэмыхъуу хабзэжь кІуэдзыжыркъым.
♦Хамэ хэку щытхъэ и хэку щылІэжыркъым.
♦Хэплъыхь псори Іыхьэншэкъым.
♦ХэІущІыку умыщІынум зегъэпІий.
♦Хэти бзэгупэм телъщ, хэти бзэгупэм тесщ.
♦Хэти укІытэр къытокІуэ, хэти укІытэм токІуэ.
♦Хуэмыхур гъуэгум темыхьэ щыкІэ къытонэ.
♦Хьэм хэсурэ хур Іуахыжащ.
♦Хьилэшы и мурад тІорысэ хъуркъым.
♦Чэфыр шхийми егъэлъэпэрапэ.
♦Шэрэ пэт бзэгум лъэщІыхьэркъым.

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Хъуэхъу

Налшык къалэ щыпсэу Срыкъуэ Зое Шихъ и пхъум и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу

ПщІэ зыхуэтщІ, фІыуэ тлъагъу ди нэхъыжьыфІыр гъащІэм и гугъуехьхэм укъыззофІамыгъащІэу, дахагъэмрэ гуапагъэмрэ уи Іэпэгъуу укъогъуэгурыкІуэри, ди гуапэу дынохъуэхъу нобэ уэзрыщытым нэхърэ нэхъ Іей умыгъуэу, уэрыншагъэ уиІэу, берычэтыр уи Іэнэгуу, гукъеуэм упэІэщІэу, гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ ущымыщІэу, уи нэмысымрэ уи пщІэмрэ лъагэу иджыри илъэс куэд Тхьэм къыпхузэпищэну!

Срыкъуэхэ, Щхьэщэмыщіхэ, Сокъурхэ, Хьэщіэліхэ я унагъуэхэр.

Шыгъуэ фэкъум тес Лэкъумэн

ГукъэкІыж

Лэкъумэн жари Къэрмокъуэ лъэпкъым лІы хэІэтыкІа диІащ. Бригадиру лажэрт, мэкъумэш и пІалъэ ищІэрт, ерыскъыкІэ фІыт. И шыгъуэ фэкъум тесу ялъагъумэ, Лэкъумэн къокІуэ жаІэу цІыхур хуэтэджырт, зэман гугъум хуэщІауэ, и бзаджагъкІи Іыхьэ иІыгът. Зауэм ипэ илъэсхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэрал псом цІэрыІуэ щыхъуам, Ленин орден зи бгъэм къыхалъхьахэм ящыщт Лэкъумэн. Си сабиигъуэ-щІалэ цІыкІугъуэу срихьэлІат а зэманми, сэри Лэкъумэн зи унафэщІ бригадэм гъуэмылэзешэу сыщылажьэрт.

Лэкъумэн хъыбар Іэджи иІэт, абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр и Ленин орденым ехьэлІахэрт. Ар къэщІратар Москват, и бгъэм къыхэзылъхьари езы Калинин дыдэрт. ФІыуэ сощІэж, орден лъапІэр хэлъу кІуэажэм къыщигъэзэжам, щІым темыуэзу къыдэшжьын хуейщ жаІэу, унагъуэхэм алэрыбгъу кІыІахьуэрэ зэхуахьсэауэ зэрыщыгъар. Машинэм кІыщикІыжьымрэ щегъэжьауэ къуажэр зэхуэсауэ къыщыпэплъэм нэсыху алэрыбгъу траубгъуат. Лэкъумэн абы тету кІуэурэ, лъэбакъуэ зыбгъупщІ къэнат алэрыбгър яхуримыкъуауи, абы нэса иужь къэувыІэри, и щхьэр игъэкІэрахъуэурэ и Іэр ищІат жаІэ, «мыбдеж алэрыбгъу щхьэ темыльрэ», къригъэкІыу.

Ауэрэ щІыми есэжщ Лэкъумэни, а орденыр къыхезыгъэлъхьа щІым нэхъыфІыжу телэжьыхьу ежьэжащ. Апхуэдэу екІуэкІыурэ, жьилэм я щхьэр зыхуагъэщхъ орден лъапІэр кІуэдащ. Мышынэу ар зыдыгъун щыІэтэкъым, унагъуэр къызэрагъэдзэкІащ, хьэблэр зэхэлъэдэжащ, бригадэми къуажэми афІэкІа псалъэмакъ дэлътэкъым. ПІэныгъэм зэрытезэкІуэкынум хуэдэу, цІыхухэр гузэвакІуэ къыхуэкІуэрт. Зэманыр цІыхур губгъуэм щит гъэмахуэти, колхоз лэжьыгъэри яфІэмыІуэхужу, Лэкъумэн и орденым лъэхъуэрт. Шур шууэ, лъэсыр лъэсу бригадэщІыр щІащыкІырт: дэтхэнэ хьэсэм хьихьа, дэнэ деж щепсыха, щытІыса? Партком зызылигъуэжри къыдэкІат бригадэ унэми, нэмэз зыщІу тет пщыІэхъумэ лІыжьым жьэхэлъат жаІэ, мыбы къытекІи орденлъхьуэ ежьэ, жери.

Ди адэ къуэш Мацэ а бригадэм учётчикыу щыІэти, орденлъхьуэхэм я курыкупсэм хэтт. Махуэм тІэкІу едзэкъэну къыдэлъэдэжати, и шыплІэм сыфІыдэтІыхьэри, сэри бригадэ пщыІэм зыдезгъэхьат. КъуажэмкІэ сыдэплъмэ слъагъу фІэкІа, зэи си лъэ зэдыпэмыса, си нэр къызыхуикІ «ТхьэплъэІупІэ Іуащхьэм» зезгъэхьри, щІакІуэ схуиубгъуауэ дытести, Мацэ къызжиІар фІыуэ сощІэж: «Иджы мы жьлэр зылъыхъуэ Лэкъумэн и орденыр уэ къэбгъэутыжамэ, лІыхъужь уащІынут». -Уэлэхьи, самыщІынт», жьэоІэ. Езы Лэкъумэн ипхуэ Мэржан кІэнауэпсым ихьу ГъукІэпІ Мухьэмэд къыщыхихыжам щыгъуэ ар лІыхъужь ящыну зэрыжаІауэ щытар игу къызогъэкІыж. «А тІур зэхуэдэ?» - жи Мацэ...

Къуажэр тхьэмахуэкІэ зылъыхъуа орденыр зыми щамыгугъам къыщагъуэтыжащ. Лазычкіэ Зеикъуэр еджэу урыс лІыжь жьакІэ хужь цІыкІу тыкуэным тетт. Абы деж зыгуэр къищэхуну Лэкъумэныр щІыхьати, къищэхуар къищтэщ, и бохъшэр къыщыгъупщэри, къыщІэкІыжат.

Лазыч бохъшэм дэлъ орденыр къаритыжри, жылэр тыншыжащ. Ауэ тыкуэнтетыр Іуэху ящІащ: «Щхьэ бгъэпщкІуа орденыр?» - жари. Ауэ мо лІыжь Іущ цІыкІум зытригъэхьакъым: «Бохъшэр къыщыгъупщати, къыщІэупщІэм естыжыну схъумащ, сэ абы сыт дэпэмми сщІакъым», - жиІэри...

Зейм ещхьу цІэрыІуэт Лэкъумэн сыт щыгъуи зытес щыгъуэ фэкъури. Абы зыри шэсыну хуиттэкъым. Бригадэ унэр Бахъсэн Іуфэ Іуту лъэгум дэтт. Лэкъумэнхэ я унэр мыдэкІэ гъуэгу нэхъыщхьэм тетти, шыр сэ сигъэшэжырт, пщэдджыжькІэ щыдызигъэши щыІэт, ауэ сыт щыгъуи къызжиІэрт сымыгъэхьэмкІэну. Сэри сыщышынэрти, жиІэм сыфІэкІыртэкъым.

Зэгуэрым зейм и Іизыныншэу шэсащ абы лІы гуэр, КІуращын Хьэжьысмел жари. Ди унэм фэтэру щІэст ар. Ди хьэблэм гъэш щІэхупІэ пункт цІыкІу дэтти, абы и унафэщІу арат Хьэжьысмел, ауэ абы щыгъуэ ар тхъэжу узыгъэпсэу къулыкъути, щыхьышхуи хуащІырт. Сытми, Хьэжьысмел и ныбжьэгъу-ефэгъуэкъым баз япихьэри, Лэкъумэн и шыгъуэ фэкъум шэсащ. Абыи къыщымынэу, шыр зейм я кэфкъэм ирихулІэри, «Ялъхь, мыр мыфэкъуу е фэкъущэу щытамэ, сыту шыфІыщІэ», - жиІэурэ щІопщкІэ зэприхулэкІыу щІидзащ. Іэуэлъауэм къигъэушыжа Лэкъумэн къыщІэкІмэ, арат. И шы гъэфІар и куэбжэм кърахулІэжауэ ІуаукІыхьыртт.

- А си фоч зэгуэтыр къыщІэхыт, ЛакІуэ, - жиІэу Лэкъумэн и щхьэгъусэм щеджэм, шыр куэбжэм фІидзэри, Хьэжьысмел Іужьыжащ.

Шы зэхауКІам Лэкъумэн игу щІэгъури, етІуанэ жэщым щэсакъым. Іужажэ гуэрхэм къыжраІат мыр хъозыщІар моращ, егъэгъэтІыс, вграг народщ ар... - жари. Ауэ, сыт хуэдизу мылыгуащІэми, Лэкъумэн ар яхуидатэкъым, «Хьэуэ, дауэ щыымытми, ар хамэ хъуажэщ, хьэщІэщ», - жиІэри.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.

● ГушыІэ

Къысхуэгъэгъу, си шыдыжь

Хъуэжэ и шыдыжьымкІэ гъавэ къишэжырт. Джабэ гуэр зэрыкІэрыхьэу шыдыр къэувыІащ. Хъуэжэ шыдым щІэрыІэу, щІэкІиеу щІидзащ.

Арщхьэкіэ, жагъын ищтауэ шыдыр хуеекъужьртэкъым. ИужькІэ Хъуэжэ къэгубжьри, ар иубэрэжьу хуежьащ. Асыхьэтым къуажэ тетыр шууэ блэкІырти къыбгъэдэлъадэри, и жьэм кІыхь къимыгъанэу, Хъуэжэ бзаджэ къыхриІэу щІидзащ, шыдыр зэриубэрэжьым щхьэкІэ.

ИтІанэ Хъуэжэ зэуэ зызэридзэкІыжри, и шыдым и напэм Іэ дильэурэ жриІащ:

- Къысхуэгъэгъу, си шыдыжь, дяпэкІэ сыноуэжынкъым, къуажэ тетыр узэрикъуэшыр сщІакъым!

Ар щызэхихым, къуажэ тетыр губжьащ.

-А уи жьэм утекІуэдэжынщ уэ! - къыжриІащ абы.

- Си жьэм текІуэда мащІэ щІэлъ кхъэм, сэри абы сакъыхэжьыжьынкъым! - жиІэри, Хъуэжэ ежьэжащ.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.

● Псалъэжьхэр

ЛІы и псалъэ епцІыжыркъым

♦Гъуэмылэпэм еІэзэ, гъуэмылэкІэм езауэ.
♦Гъунэгъу бий ящІыркъым.
♦Дахэр пагэмэ, пуд мэхъу.
♦Дыгъуэм и кІэр мыгъуэ мэхъу.
♦Джэд пасэрэ бын пасэрэ.
♦Егъэлей делагъэщ.
♦Зи щхьэ мыузым уи щхьэуэ хуумыІуатэ.
♦Зи Іуэ ит нэхърэ - зи щхьэ ит.
♦Зызыгъэгусэ Іыхьэншэщ.
♦ЛІы и псалъэ епцІыжыркъым.
♦Зым ищІэр щэхущи, тІум ящІэр нахуэщ.
♦Куэд къыубжмэ, уи тхьэмадэжь и цІэри къыхэхуэнщ.
♦ЛІыкІуэ яуКІыркъым.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэдыл гъэбэкхъа

Абы щхьэкІэ нэхъ къащтэр джэдыжьщ. Джэд гъэкъэбзар Іыхьэ-Іыхьэуэрэ зэпкърах, псы щыІэкІэ нтхьэщІыж. Джэдыл Іыхьэхэр шынакъ мыуГьмйм ираІъхьэ, шыгъу, губгъуэпхъ, мыщІыкІу дыдэурэ упщІэта бжьыныщхьэ, бурш мыхьэжа, Іупщ1э цІыкІуурэ упщІэта шыбжий сыр мыхьэжа халтхьэ. Псы щІыІэ тІэкІу хакІэри, фІыуэ зэІащІа, бжьыныпсыр фІыуэ къыщІахуху. Шынакъыщхьэр трапІэжри, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкІэ щыІапІэм ягъэув сыхьэти 8 - 10-кІэ е нэху кърагъэкІ.

А зэманым къриубыдэу джэдылыр зэ-тІэу зэІащІэ. Щагъэжьэнум деж джэд Іыхьэхэм кІэрыпщІахэр къыкІэрахри, езы джэдылыр ягъэгъущ, тебэ куукІэ тхъу къагъэплъ, джэдыл Іыхьэ гъэгъущахэр абы халтхьэ, мафІэр ину блэуэ, зэрагъэдзэкІыуРэ ягъажьэ, тхъуэплъ дахэ хьуху. ИужькІэ псывэ щІакІэ, мафІэр щыІэкІу ящІри, тебащхьр тепІауэ ягъэбэкхъ, псыр щІэвэщІэным нэсыхукІэ. ИтІанэ, зэІащІэурэ, шатэпс щІакІэ, бжьыныхуэ уба халтхьэ, тебащхьэр трапІэжри, мафІэ щабэ дыдэм тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ, тебэр къытрахыж, джэдгьн траудэри, и щхьэр тепІауэ дакъикъи 5 - 6-кІэ щагъэт.

ЗэрызэщІэлъу Іэнэм пщтыру трагъэувэ. Дашх пІастэ хуабэ, мырамысэ.

Халтхьэхэр (цІыхуитху Іыхьэ): джэдылу - г 1000, тхъууэ - г 180-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100, псывэу - г 300, бжьыныхуэ укъэбзауэ - г 30, шатэпсу - г 300, шыгъуу, шыбжийуэ, губгъуэпхъыу, джэдгьну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз



Екіуэкіыу: **1.** Лъэхъстэн вакъэ пІащІэ. **3.** Нэм фІэдахэр ... фІэІэфІщ. **5.** ТхакІуэхэу Къашыргъэ ХьэпащІэ, МафІэдз Сэрэбий, композитор Молэ Владимир сымэ я къуажэ. **8.** Космонавтхэр здэлъатэ щІыпІэ. **9.** Джэду ... е бзу ...**10.** Зэранигъэ зыщІа щІалэ цІыкІум ... зищІыжащ. **13.** Жыгым пыт тхьэмпэ гъуам и ... макъыр зэхьібох. **14.** Пасэрей фоч.**17.** Гъэгум щыщу щІым емыІусэр. **18.** ... зиІэм кІэи иІэщ. **19.** Щыгъыным хищІэ хьэпІащІэ хъэзыльэтыхь. **20.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэуа адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ. **23.** Іуэхугъуэ гуэр зи нэгу щІэкІа, ар хъэзыІуэтэжыфыну цІыху. **24.** Джэдкъэ. **27.** Анэкъилъху. **29.** ЗимыкъэпщІин щэхуу зыгъэкІуасэ. **31.** ТхылъымпІэм итыр зэрыпэжьм щыхьэт техъуэ дамыгъэ. **32.** Балъкъэрхэр нэхъыбэуэу, адыгэр нэхъ мащІэуэу зыдэс къуажэ, Бахъсэн щІынальэм щыщу. **33.** ...-банэ щымыІэнырыщ анэу щыІэр зыщІэхъуэпсыр. **34.** Аузхэр щызэхуэкІуэж щІыпІэ.

Екъуэкіыу: **1.** ЩхьэлыкъуэкІ къыщалъхуа адыгэ тхакІуэ цІэрыІуэ. **2.** Члисхэм фІэлъ уэзджьнэщхуэ. **3.** Дунейпсо, Европэ, къэрал зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытІэу щытекІуа адыгэ щууэй цІэрыІуэ ... Жамбот. **4.** Мазэр нуру кІыщыблэ жэщ. **6.** Ху я къызыщІаІуКІ къэкІыгъэ. **7.** Къэбэрдей адыгэ сабийхэм я журнал. **11.** Республикэм ди гъунэгъу лъэпкъ. **12**. ...-гурыщІэ. **13.** Мылъкум къигъэпщри, къуэшхэр ... **15.** Шыхъуэ, мэлыхьуэ, ... **16.** Псыежэхым и адрей лъэныкъуэр. **21.** Джэду лъэпкъым щыщ псэущхьэ Іэл. **22.** Бгы ... **25.** Нартхэм я бжьамиящэ. **26.** Псым и куупІэ. **28.** Къэрэгъул, плъыр, ... **29.** Жэмтхьэ къыщыхьуа адыгэ генерал. **30.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ уэрэджьІаКІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубз артист ... Хъусин. **31.** Аушыджэр къыщыхьуа къэбэрдей усакІуэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Дыгъэгъазэм и 31-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **1.** Къулыкъу. **3.** Джэду. **5.** Егъу. **6.** Мы. **7.** Гъудэ. **8.** Мыщэ. **10.** Удж. **11.** Зи. **13.** Махуэ. **14.** ТІу. **15.** Лы. **17.** Іулъхьэ. **18.** Шы. **20.** Щэ. **21.** Ду. **22.** Чы. **23.** Напэ. **25.** ЦІэ. **28.** ЦІыв. **29.** Бжьын. **32.** Ахъшэ. **34.**КІэс. **35.** Махъшэм. **36.** Гъуэжькуий.

Къехыу: **1.** Къулей. **2.** Къупщхьэ. **3.** Джэлам. **4.**УкІытэ. **7.** Гъуджэ. **9.** Щэху. **10**. Уз. **12.** Тумэн. **13.** Мэл. **16.** Вы. **17.** Іуащхьэ. **18.** Шыд. **19.** Емынэм. **22.** ЧыцІ. **24.** Пу. **26.** ПцІым. **27.** Псей. **30.** Жьым. **31.** Ней. **32.** Ажэ. **33.** Шыгъу.

Редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Хьэфыщіэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ШІырий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, Нэщэнэдж Замирэ, Тэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмэр редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; зэшыпхъу хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГьыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытредзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **ДышэкІ Соня,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплэр ящІащ* **Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.877 ● Заказ №45